ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№79 (23.893) • 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 6, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# «Пашэныгъэмрэ щIыналъэ зыужьыныгъэмрэ» программэр гъэзэщIэныр ирагъэжьащ



**Республикэм кадрхэмкIэ и резервым папщIэ Налшык къыщызэIуахащ «Пашэныгъэмрэ щIыналъэ зыужьыныгъэмрэ» щIэныгъэ программэм и япэ модулыр. Абы хэтщ «ЛъагапIэщIэ» проектым щытекIуахэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу «Урысейм и пашэхэр» конкурсым и финалым кIуахэмрэ.**

ЩIЫНАЛЪЭМ унафэщI IэнатIэхэр щызыгъэзэщIэфынухэм я зэфIэкIым зегъэужьынымкIэ программэр гъэзэщIэным иIэ мыхьэнэм щытепсэлъыхьым КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ: «Иджыпсту дэ тхузэфIэкI псори длэжьын хуейщ щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр къагъэлъэгъуэнымкIэ зыхуеину Iэмал псори зэтегъэувэным хуэгъэзауэ. Мы семинарым лекцэ къыщеджэнухэр зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ защIэщ. Абыхэм яэтщ МГИМО-м, Къэрал управленэмкIэ школ нэхъыщхьэм, Урысейм цIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ и академием я экспертхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ, бизнес IэнатIэм, коммерцэм пыщIа Iуэхущ IапIэхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм утыку кърахьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьынымкIэ нэхъ сэбэпынагъышхуэ къэзыхьыну унэтIыныгъэхэр, апхуэдэу ди щIалэхэр щыгъуазэ ящIынущ нэхъ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъхэм я лэжьэкIэм. Мис ахэрщ мы программэм хэлъ ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэр».

Егъэджэныгъэмкlэ япэ модулыр къыщызэIуахым хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэ Стариков Сергей. Ар тепсэлъыхьащ щIыналъэхэр зэрызэрахьэ щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ зэрыщытым, апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм.

• КъБР-м и Парламентым

# Гъатхэ лэжьэгъуэр къызэщIакъуэжу

**КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхыхьэгъуэм и иужьрей зэIущIэр бадзэуэгъуэм и 4-м иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.**

АБЫ ХЭТАЩ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэрым къегъэщIылIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Ткачёв Евгений**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэм кIэ и Советым КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу хэт **Ульбашев Мухьэрбий**, депутатхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм и пэм, Егоровэ Татьянэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и комитетым и унафэщIым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъыр иритыжащ КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш политикэмкIэ, щIыуэпсыр хъумэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкIэ, щIы Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI Мокаев Кемал.

Депутатхэм зэдэарэзыуэ Iэ яIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр щыхахыну махуэр мы гъэм жэпуэгъуэм и 3-м зэрытраухуам и IуэхукIэ. КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** къыхигъэщащ фокIадэм и 8-м, Урысей Федерацэ псом Iэ щыщаIэт махуэм, ар щIытрамыгъэхуар абы щыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и VI зэхыхьэгъуэм и депутат хэхыныгъэхэр екIуэкIыну унафэ зэращIарщ.

КъыкIэлъыкIуэу КъБР-м и Парламентым и депутат **Iэзычэ Светланэ** и къалэнхэр щхьэщахащ, апхуэдэ лъэIукIэ езым закъызэрыхуигъэзам къыхэкIыу.

Депутатхэм къащтащ «Хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкIэ лэжьыгъэхэр зэраубзыхум теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и проектыр, зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ административнэ хабзэхэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кодексым, «Инвестицэ Iуэхухэр щагъэзащIэкIэ субсидиехэр зэратым теухуауэ» КъБР-м и Законым и проектым.

«КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2019 гъэм, 2020 - 2021 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и проектым щытепсэлъыхьым, IуэхущIапIэм и унафэщIым экономикэмрэ финансхэмкIэ и къуэдзэ **Къуэжей Рустам** жиIащ 2019 гъэм я хэхъуэр псори зэхэту сом меларди 9-рэ мелуани 173-м зэрыщIигъунур, къагъэсэбэпыну зыхуеинур сом меларди 9-рэ мелуан 437-рэ зэрыхъунур. IуэхущIапIэр зыхущыщIэну хуагъэфащэр сом мелуан 272,5-рэ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2019 гъэм и япэ мазищым зэрагъэзэщIам теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, бюджетым и хэхъуэр сом меларди 6,6-рэ мэхъу (илъэсым ягъэзэщIэн хуейм и процент 19,4-р), къагъэсэбэпар - сом меларди 5-рэ мелуан 740,8-рэ. Республикэ бюджетым и хэхъуэхэм я процент 37,3-р къызыхэкIар налогырщ - сом меларди 2-рэ мелуан 600-рэ. Налогым щымыщ хэхъуэхэр сом мелуани 129,1-рэ хъуащ. Республикэм къигъэсэбэпам и процент 90-р трагъэкIуэдащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм (сом меларди 5-рэ мелуани 166,9-р). Зи гугъу тщIы пIалъэм къриубыдэу, гъуэгухэм елэжьыным сом мелуани 141,4-рэ трагъэкIуэдащ. 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу, щIыналъэм телъ къэрал щIыхуэр сом меларди 9-рэ мелуан 490,7-рэ мэхъу, илъэсым и пэм ар сом меларди 10,3-рэ хъууэ щытащ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн социальнэ IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэр къызэрапщытам кърикIуам.

- Зи лэжьыгъэм дыкIэлъыплъа IуэхущIапIэхэр псори зэхэту 176-рэ мэхъу. Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и гугъу пщIымэ, я Iуэхур къызэрызэрагъэпэщым и фIагъымкIэ адрейхэм къахэщащ Налшык къалэм и поликлиникэ №1, 3-хэр. Абыхэм я гъусэщ жьэн узыфэ зыпкърыт сабийхэм я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъ «Звездочка» зыгъэпсэхупIэри. Республикэм щэнхабзэмкIэ и IуэхущIапIэхэм зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэмкlэ нэхъыфIу къыщIэкIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр, Музыкэ театрыр, Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэр. Егъэджэныгъэр къызэрызэрагъэпэщымкIэ пашэщ Налшык къалэм и курыт школ № 16-р, Май къалэм и курыт еджапIэ №5-р, Прохладнэ къалэм и курыт школ №4-р, Анзорей къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-р, - жиIащ Асановым.

ЗэIущIэм депутатхэр щедэIуащ **Ульбашев Мухьэрбий** илъэситхум къриубыдэу иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ жиIам.

Ульбашевым зэрыжиIамкIэ, ФедерацэмкIэ Советым хэтхэм я гъусэу, абы законопроект 12 къыхилъхьащ икIи абыхэм къару ягъуэтащ. Абыхэм яхэтщ налогым, бюджетым, таможнэм епхауэ щыIэ законхэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр. Апхуэдэуи федеральнэ закон 39-м дэщIыгъуужьыныгъэ 300-м нэблагъэ халъхьащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)



Егоровэ Татьянэрэ Мокаев Кемалрэ.



Ульбашев Мухьэрбий



⊛ Ди къуэш республикэхэм

## Адыгэ джэгур зэхаублэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и щыхьэр Мейкъуапэ и къалэ паркым и ихьэпIэ нэхъыщхьэм деж махуэку къэс щекIуэкIынущ адыгэ джэгу. Iуэху гуапэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщщ «Абрэджхэр» ансамблыр. Джэгум ирагъэблагъэ гупыж зыщI дэтхэнэри.***

- Гъэмахуэ адыгэ джэгур Мейкъуапэ щрагъэкIуэкI илъэс бжыгъэ хъуауэ, адыгэ хабзэжьхэр къэгъэщIэрэщIэжын, адыгэ джэгум зегъэубгъун папщIэ, - жаIэ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм.

Абыхэм къызэрыхагъэщащи, адыгэ джэгум хэтынухэр екIуу хуэпауэ щытыпхъэщ. Пщащэхэм я кIэхэр лъэгуажьэм фIэкIыу щытыпхъэщ, щIалэхэм шортхэмрэ спорт кIэстумхэмрэ хуадэнукъым. Лъэпкъ фащэкIэ хуэпахэм щыгуфIыкIынущ.

## Хьэцэпэцэр Iуахыж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм мы гъэм нэхъ пасэу хьэцэпэцэр щыIуахыж. ИджыкIэ тонн мини 3,4-м щIигъу къыщытрахащ гектар зы миным хуэдизым.**

КъШР-м мэкъумэш IуэхухэмкIэ и министр Ботэщ Анзор зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ елъытауэ, мы гъэм щIыр псыIагъэкIэ ирикъуакъым, щIымахуэм уэсыр мащIэу зэрыщытам къыхэкIыу, ауэ 2018 гъэм къытраха гъавэм нэхърэ нэхъ мащIэ мыхъуну поплъэ.

КъШР-м и щIыналъэм хьэцэпэцэмрэ джэшхэкIымрэ мы гъэм щыIуахыжынущ гектар мин 28-м щIигъум.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

• Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70**, **40-34-32**.

# Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

**«Шынагъуэншэу щыт автомобиль гъуэгу тэмэмхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ 2019 гъэм мазаем и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №13-ПП-м ипкъ иткIэ мы зэманым республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI.**

Прохладнэ Лесной, Солдатскэ автомобиль гъуэгум и къежьапIэу километри 2,7-рэ хъум хиубыдэу зэпрыкIыпIэхэр, лъэс зекIуапIэхэр, автобус къэувыIэпIэхэр зэрагъэпэщыж. А лэжьыгъэ псори зэфIагъэкIынущ фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу.

Апхуэдэу нэрылъагъуу зихъуэжынущ Щхьэлыкъуэ - Каменкэ гъуэгум и Iыхьэу зэпымыууэ псым илъэсу, тIысу щыта Iыхьэм. Зы километрым къриубыдэу абы гъущI арматурэ халъхьэнущ, бетонкIэ къращIыкIынущ. Подряд IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм я мурадщ а лэжьыгъэр дызэрыт илъэсым къриубыдэу нэгъэсауэ ягъэзэщIэну.

ЩIыпIэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэмрэ къуажэ уэрамхэмри гулъытэншэу къагъэнакъым. «Шынагъуэншэу щыт гъуэгу тэмэмхэр» лъэпкъ проектым хиубыдэу Урожайнэ къуажэм зыхуей щыхуагъэзащ кхъэм екIуалIэ гъуэгур. Абы асфальту метр зэбгъузэнатIэ 1146-рэ тралъхьащ.

Гундэлэн къуажэм щызэфIагъэкIащ мывэ зэтеудакIэ къищIыкIауэ щыта уэрамитIыр зыхуей хуагъэзэныр. Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Атмурзаев Марат зэрыжиIамкIэ, а уэрамхэр псым нэхъ имылъэсхэм ящыщу къыхахри асфальт тралъхьащ. Метр 500 зи кIыхьагъ гъуэгум трагъэкIуэда сом мелуан 1,1-р къуажэм и гъуэгу фондым къыхахащ.

• ДифI догъэлъапIэ



# Илъэс 60 хъуауэ къалэмыр иIыгъщ

**Шэджэм районым щыщ Нартан къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран, журналист лэжьыгъэ нэхъыфIхэмкIэ республикэ конкурс куэдым щытекIуа Мэрем Зэдин илъэс 60 хъуауэ республикэм и печатым зэрыщылажьэр иджыблагъэ щагъэлъэпIащ КъБР-м и Журналистхэм я союзым.**

ЖУРНАЛИСТХЭМ я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шаваевэ Разият къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ нэхъыжьыфIым и дуней тетыкIэр нэхъыщIэхэм я дежкIэ щапхъэ гъуэзэджэу зэрыщытыр, апхуэдэу республикэм и журналистикэм зегъэужьыныр абыхэм куэдкIэ зэрелъытар.

- ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм илъэс 60-кIэ ущылэжьэныр къызэрыгуэкI Iуэхукъым,- жиIащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жамал. - Сэ сролгушхуэ а цIыху хьэлэмэтым илъэс куэдкIэ сызэрыдэлэжьам.

Мэрем Зэдин и зэфIэкIым, абы бгъэдэлъ егугъуныгъэмрэ хьэлэлыгъэмрэ теухуа псалъэ гуапэхэр жаIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Жыласэ Заурбэч, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ, «Нюр» журналым и редактор нэхъыщхьэ Сабанчиевэ Арипа, «Горянка» газетым жэуап зыхь и секретарь КъарэцIыкIу ФатIимэ сымэ.

Зэдин «Голос Чегема» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс 21-кIэ лэжьащ. И ныбжьыр нэсри, ар 1993 гъэм пенсэм кIуащ, ауэ унэм щIэзэгъакъым. КIэщIкIэ игъэзэжри редакцэм увыжри иджыри къэс абы щылэжьащ. Газетым и зы номери къыдэкIыркъым абы и тхыгъэ хьэлэмэтхэр темыту. Апхуэдэу Мэрем Зэдин и статьяхэр къытрадзэ республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ, къэралым и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

**БЕТЫГЪУЭН Исмэхьил.**

# ЩIыналъэр зыхуэныкъуэ ухуэныгъэ

• Iуащхьэмахуэ

**Уэсукхъуэхэм ящызыхъумэ мыпхуэдэ IущIапIэ иджы япэу ди республикэм щагъэуву аращ.**

БАХЪСЭН и псыхъуащхьэхэмкIэ щыIэ Адыл-су къуэладжэр уэсукхъуэхэр нэхъыбэ дыдэрэ къыщех щIыпIэу къалъытэ. Апхуэдэу, нэгъабэ и закъуэ мы тIуащIэм уэсджейуэ 14, мы гъэр къызэрихьэрэ 4 къыщехащ.

Къуэладжэм республикэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэр дэтщ. Абыхэм ящыщщ альплагер зыбжанэр, «Iуащхьэмахуэ лъапэ» зи фIэщыгъэ, Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэмрэ ветеранхэмрэ я социально-реабилитацэ центрыр, нэгъуэщIхэри.

«Шынагъуэншэ икIи фIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгухэр» федеральнэ проектым ипкъ иту яухуэ мы IущIапIэм метр 94,8-рэ и кIыхьагъщ, и Iэгъуэблагъэм кърашIэкI Iухьэпlэхэм метр 300-м нэблагъэ я кIыхьагъщ.

Зихуэдэ щымыIэ мы IущIапIэр ягъэув, и щIагъымкIэ машинэ щIэкIыпIэрэ цIыху зекIуапIэрэ иIэу. Абы и фIыгъэкIэ, мыщIыпIэм щыпэмыплъагъэххэу къыщех хабзэ уэсукхъуэхэм я зэран къемыкIыным мыбдежым къыщыхутэхэр щыгугъ хъунущ.

Мы зэманым IущIапIэм и лъабжьэр ягъэж, и блынхэр ягъэбыдэ, щIэгъэкъуэн папщIэу къагъэсэбэпын бетон пкъохэр зрагъэувэну кумбхэр а Iуэхум хуэщIа IэмэпсымэмкIэ яугъуэн.



IэщIагъэлIхэм я мурадщ тхьэмахуэ дызыхуэкIуэм гъущIым къыхэщIыкIа пкъо нэхъ лъагэхэри зэфIагъэувэну.

Ухуэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр махуэм цIыху 15-м, жэщым цIыхуи 8-м зэфIагъэкI. Абыхэм а IэнатIэм къыщагъэсэбэп Iуэхум хуэщIа техникэ инхэм хуэдэу 6. IэщIагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, объектыр къызыхуэтыншэу, гъэ дызэрытым и дыгъэгъазэм хьэзыр хъунущ. Ар езыгъэщIыр КъБР-м Ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэрщ.

**ТАРИМ Алисэ.**




# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

**2019 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къаIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр иухащ.**

**Ди газетым тезыдзэну хуейхэм хъыбар идогъащIэ: ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми. Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 548-рэ кIэпIейкIэ 05-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**

# Гъатхэ лэжьэгъуэр къызэщIакъуэжу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- 2018 гъэм къыддаIыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым ахъшэ хухэхыным теухуа хэлъхьэныгъэщIэхэр. Абыхэм къыщылъытащ егъэджакIуэхэм, дохутырхэм, нэгъуэщI бюджет лэжьакIуэхэм я улахуэр нэхъыбэ зэращI дотацэм хэгъэхъуэныр - сом мелард 1,6-рэ; къуажэ щIыпIэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным сом мелуан 20-м щIигъу; къалэхэр иджырей мардэхэм тету зэIузэпэщ щIыным сом мелуани 170-м щIигъу хухахыныр. 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ гулъытэ хэха ягъуэтащ лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным, 2024 гъэ пщIондэ гъуэгухэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным, - жиIащ къэпсэлъам. Ульбашевыр къытеувыIащ 2014 гъэ лъандэрэ щIыналъэхэм я бюджетыр зэгъэзэхуэнымкIэ лъэныкъуищ къызэщIэзыубыдэ комиссэм ар зэрыхэтыр икIи абы и зэIущIэ 29-м зэрыхэлэжьыхьар. Комиссэм хэтхэм псом хуэмыдэу я нэIэ трагъэтащ къэралым и щIыналъэхэм я бюджетхэм хуаутIыпщ дотацэр зэрытрагуашэм. Апхуэдэу республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщу ахэр хэплъащ сабий гъэсапIэхэмрэ школхэмрэ ухуэнымкIэ субсидие зэрат щIыкIэр зэрырагъэфIэкIуэным. Абы и фIыгъэкIэ цIыху 825-рэ щIэхуэну Нарткъалэ къыщрагъэжьа лицей №1-м и ухуэныгъэр зэфIагъэкIащ, апхуэдэуи Ташлы-Тала зы школ къыщызэIуахащ, Налшык къалэ къыщрагъэжьащ еджакIуэ 1224-рэ зыщIэхуэну курыт еджапIэ. Къэпсэлъам дыщIигъуащ зэман гъунэгъум апхуэдэ зы IуэхущIапIэ Шэджэм къалэми (еджакIуэ 500-м тещIыхьауэ) къыщрагъэжьэну зэрамурадыр.

Ульбашевым жиIащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIауи лэжьыгъэ пыухыкIахэр Федерацэмк Iэ Советым зэрыщрагъэкIуэкIыр. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и Правительствэм пщэрылъ щащIащ Налшык къалэм ухуэн зыщыщIадза «Театрхэм я уардэунэ» IуэхущIапIэр и кIэм нэгъэсыным, онкологие диспансер ухуэным, «Кавказ» Р-217, Прохладнэ А-158 - Бахъсэн - Iуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, Дзэлыкъуэ районым и псыжапIэхэм елэжьыным ехьэлIауэ федеральнэ бюджетым ахъшэ лей зэрыхухихыну Iэмалым хэплъэну.

- Мурадхэр ди куэдщ. Си фIэщ мэхъу псоми ди къару зэхэлъмэ, дяпэкIи республикэм и зыужьыныгъэм епха лэжьыгъэхэр зэрызэдгъэхъулIэфынур. Сыхуейт КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьяни депутат псоми лэжьыгъэ купщIафIэ зэревгъэкIуэкIам, дызэгурыIуэу дызэрызэдэлэжьам папщIэ фIыщIэ фхуэсщIыну, - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

ЗэIущIэм **Егоровэ Татьянэ** доклад щищIащ КъБР-м и Парламентым и V зэхыхьэгъуэм илъэситхум къриубыдэу зэфIигъэкIам теухуауэ. Абы депутатхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи зэIущIэр зэхуащIыжащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэмкIэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

● Узыншагъэ

# Iуэху щхьэпэ



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэр хэтащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ Горький дэт автомобиль заводымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIа «Тест на ВИЧ: Экспедиция 2019» урысейпсо Iуэхум. Ар хуэунэтIат ВИЧ/СПИД узыфэ шынагъуэхэм къэрикIуэнкIэ хъунум жылагъуэр щыгъэгъуэзэным, абы теухуауэ я узыншагъэр къэпщытэным тегъэгушхуэным.**

АПХУЭДЭ къэпщытэныгъэхэр мэкъуауэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ щекIуэкIащ республикэм и къалитхум: Налшык, Прохладнэ, Май, Бахъсэн, Нарткъалэ. Iуэху щхьэпэм хэтащ цIыху 509-рэ. КъищынэмыщIауэ, медицинэ лэжьакIуэхэм папщIэ а къалэхэм къыщызэрагъэпэщащ ВИЧ узыфэ зэрыцIалэр и чэзум къызэрыпхутэнум теухуа семинархэр. IэщIагъэлIхэм и гугъу ящIащ узыфэр зиIэм узэрепсэлъэнум, абы и Iуэхур адэкIэ зэрыхъунур тэмэму къызэрыгурыбгъэIуэнум. Дохутырымрэ сымаджэмрэ я зэпсэлъэныгъэр зэрекIуэкIын хуейм теухуа фильм кIэщIхэр ягъэлъэгъуащ.

Бадзэуэгъуэм и 1-м «Тест на ВИЧ: Экспедиция 2019» Iуэху щхьэпэр ди республикэм щызэхуащIыжащ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Нэзрэн Беслъэн, Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщI Ахъмэт Алим, СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ япэщIэтынымкIэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Иуан Маринэ, Прохладнэ, Май район сымаджэщхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэм и къуэдзэхэу Гриськовэ Викторие, Танцевилэ Виктор сымэ.

Нэзрэн Беслъэн зэхыхьэм и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ Iуэху щхьэпэм ди республикэр зэрыхагъэхьам папщIэ икIи къыхигъэщащ узыфэ шынагъуэм зиубгъунымкIэ щыIэ щытыкIэм гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэр. «Дэтхэнэ зы цIыхуми унагъуэми я щхьэ къэрикIуэнкIэ хъунущ ар. Абы ехъулIэныгъэ диIэу дыпэщIэтын папщIэ ВИЧ-р зищIысым жылагъуэр зыубгъуауэ щыдгъэгъуэзэн, цIыхухэм абы зэрызыщахъумэн Iэмалхэр къедгъэщIэн хуейщ. Апхуэдэуи унагъуэм и пщIэр къызэрытIэтыным, абы и жьэгум дэлъын хуей лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр зэрытхъумэным дыхущIэкъупхъэщ», - жиIащ Нэзрэным.

СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ япэщIэтынымкIэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и гугъу ищIащ «Тест на ВИЧ: Экспедиция 2019» Iуэхум и щхьэпагъым. Иуан Маринэ зэрыжиIамкIэ, мыпхуэдэ хъыбарегъащIэ Iэмалхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ узыфэ шынагъуэр къомыуэлIэнымкIэ, абы зыщыпхъумэнымкIэ, ар зэрагъэхъуж щапхъэхэр цIыхухэм я деж нэхьэса хъунымкIэ.

Гриськовэ Викторие сэбэпынагъышхуэ пылъу къилъытащ районым и медицинэ лэжьакIуэхэм папщIэ къызэрагъэпэща семинарым. «ФIыщIэ фхудощI ВИЧ узыфэ шынагъуэм еIэзэным, ар и чэзум къэхутэным теухуауэ медицинэм щIэуэ къыхыхьа Iэмалхэм дызэрыщывгъэгъуэзам, лэжьыгъэм и пIалъэкIэ фыкъызэрыддэгуэшам папщIэ. Шэч хэлъкъым апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ди IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызэрыхилъхьэнум. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпсту щIыналъэм узыфэм зыщеубгъу. Абы хэкIыпIэ тэмэм къыхуэдгъуэтын и лъэныкъуэкIэ IэщIагъэлIхэм дызыщагъэгъуэзахэр къытхуэщхьэпэнущ. Нэхъыщхьэращи, хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу цIыхухэм я деж нэтхьэсын хуейщ ВИЧ-р узэIэхъу узыфэ хэтIэсауэ зэрыщытыр икIи ар и чэзум къэпхутэрэ и хущхъуэгъуэ епхьэлIэмэ, куэдрэ узэрыпэщIэтыфынур», - жиIащ абы.

ЗэIущIэм и кIэухым щIыналъэм и ныпыр Iуэху щхьэпэм и къызэгъэпэщакIуэхэм иратащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр «Тест на ВИЧ: Экспедиция 2019» урысейпсо Iуэхум зэрыхэтым и щыхьэту.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.

● Зэпеуэ

# УнафэщIхэр зохьэзохуэ

**«2019 гъэм и къэрэгъул унафэщI нэхъыфI» республикэ зэпеуэр щекIуэкIащ МафIэс часть №6-м (Май къалэ). Абы хэтащ мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ IэнатIэ псоми я лIыкIуэхэр.**

ЗЭПЕУЭР къызэрагъэпэщащ я къалэным зэрыхуэхьэзырыр къалъытэн, Къэбэрдей-Балъкъэр мафIэс-къегъэлакIуэ IуэхущIапIэм и къэрэгъулым и унафэщI нэхъыфIыр къыхахын икIи я IэщIагъэм зэрыхуэIэижьым хагъэхъуэн мурадкIэ.

Къапщытащ къэрэгъулхэм я унафэщIхэми, абыхэм я нэIэм щIэт гупхэми я лэжьыгъэр, я IэнатIэм теухуауэ ящIапхъэр зратхэ дэфтэрхэр зыхуэдэр, я къалэнхэм пэлъэщын щхьэкIэ я Iэпкълъэпкъыр зэрапсыхьыр.

Зэпеуэм и япэ увыпIищри яубыдащ Дзэлыкъуэ районым и Дзэлыкъуэкъуажэм дэт мафIэс часть №9 и плъыр къэрэгъулхэм я унафэщIхэм.

Балл бжыгъэмкIэ зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ плъыр къэрэгъул гуп №4-м и унафэщI Къардэн Исмэхьил. ЕтIуанэ увыпIэр къихьащ плъыр-къэрэгъул гуп №1-м и унафэщI Куэцэ Алим, плъыр къэрэгъул гуп №3-м и унафэщI Тенджыз Азэмэт ещанэщ.

Къыхэдгъэщынщи, Куэцэ Алим иужьрей илъэситIым мы зэпеуэм дыжьыныр къыщихьащ, нэгъабэ ещанэ увыпIэр зылъыса Къардэн Исмэхьил иджы бжьыпэр иубыдащ. Абы и дежкIэ ар тыншу щытакъым: текIуэныгъэр къэзыхьамрэ етIуанэ увыпIэр зылъысамрэ зэрызэщхьэщыкIар баллищ къудейщ. Къэбэрдей-Балъкъэр мафIэс-къегъэлакIуэ IэнатIэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Сэбан Арсен зэрыжиIащи, апхуэдэ зэхьэзэхуэ гуащIэ илъэсипщI хъуауэ щыIакъым.

**БАХЪСЭН Ланэ**.



● ФIыщIэ

# Фэращ си гъуазэр

**Къуажэ школыр къэзухыу, КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм сыщыщIэтIысхьам, си псэр гугъэрт, пабгъэрт, пэплъэрт фIы гуэрым. Хэплъэрт дунейм си акъылыр, сечэнджэщырт гупсысэм, сыхуейт къэсщIэну къыспэщылъ си гъащIэм гукъыдэж къызэзытыну хэлъыр зыхуэдизыр. Сыхуейт си гъащIэм къызипэса цIыхугъэм и дахагъым хэзгъэхъуэну. СыщIэхъуэпсырт дунейми и гущIагъ шэрхъым щIэлъыр сытми къэсщIэну. Сыт хуэдэ акъужь пщэдей къысхуепщэнур? Сыт хуэдэ дурэш къыщыслъысыну пIэрэ гъащIэм? Сихуэну пIэрэ сыджэрэзу сэ архъуанэм?**

ЖЭУАПЫНШЭ хъуакъым си гупсысэхэр. Си хъуреягъыр сыту дахэ, купщIафIэ! ИгъэгуфIэу си нэр, нэхущ дунейр! КъысхуоIэ я псэр, сызыхащIэ, ситкъым утыкум сыкIэрахъуэу. Си псэр хуагъэныкъуэркъым хуабагъэ, псэм къоIусэ я бзий нурхэмкIэ. А дахагъым псэр догъагъэ, къызэтрегъэпщIыкI. КъыстрегъакIэ дами, сыкъытреIэтыкI. Нэхум хуеIэ щиху жыгыщIэу, уэгум зыхузоший, си псэм зыщимыгъэнщIу. Сыт яхужызмыIэми, сфIэмащIэщ: сызыхащIащ сэ гукIи псэкIи, си насыпщ сэ, си лъэр щIагъэкIащ, си гъуэгур схуаубзыхуащ, сагъэгушхуащ, сагъэлъэпIащ, Iейм сыщахъумащ, екIум сыхуашащ. Мы псалъэ гуапэ, дахэ псор яхуэгъэзащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и лэжьакIуэхэу ТIымыжь Хьэмыщэ, Гъут Iэдэм, Къэмбэчокъуэ Iэдэм, Абазэ Албэч, УнэлIокъуэ Вячеслав, ХъутIэжь Заудин, Къардэн Мусэдин, Хьэщхъуэжь Заирэт, Езауэ Мадинэ, Хэжь Ленэ, Шыгъушэ Джульеттэ, Бозий Наимэ, Пэрыт Линэ, УнэлIокъуэ Лянэ, Къардэн Марьянэ сымэ.

Си егъэджакIуэхэ, щымыIэ фызыхуэзгъадэ! Дахагъэу, фIыгъуэу щIым тетыр, слъэкIатэмэ, къыфлъызгъэсынт.

Пшынэбзэ дахэм фи гъащIэр дэушэу, ди адэжь Хэкум и нэгу щIэкIахэр адыгэ быным къытхуэфIуэтэжу, бзэм хэлъ гупсысэр къытхузэпкърыфхыу фылэжьэну фи къаруи узыншагъи прелъэщ. Дуней губгъуэшхуэм лъэпкъыр ипхъами, анэдэлъхубзэкIэ зэхуэфшэжыну, фи адыгагъэм лъэпкъыр къихьэхуу, быныфI фи куэду, щIэблэфI къыфщIэхъуэу, гъащIэр дахащэу фэ ефхьэкIыну сынывохъуэхъу! Адыгагъэри, дахагъэри, цIыхугъэри, къабзагъэри, пэжыгъэри, губзыгъагъэри, щэныфIагъэри, адыгэпсэри, адыгэбзэри схуэзыгъэпсынщIар, схуэзыгъэбыдар фэращ, си егъэджакIуэхэ!

Срогушхуэ, сропагэ апхуэдэ цIыху нэсхэм сазэрыхуэзам.

**КЪЫЛЫШ Алёнэ**.

● ЩIыуэпс

# ЩIымрэ псымрэ я къабзагъэр дывгъэхъумэ

**Куэд тепсэлъыхь хъуащ дыкъэзыухъуреихь дунейм, ди къалэхэм, къуажэхэм я къабзагъэм, псыежэххэмрэ гуэлхэмрэ я Iуфэхэр, губгъуэхэмрэ къуэкIийхэмрэ пхъэнкIий идзыпIэ зэращIым.**

ЗЫ ЗЭМАНКIЭ екIуэкIащ пластик жыхуаIэ, зэ фIэкIа къамыгъэсэбэп Iэмэпсымэхэм я куэдагъыр къафIэмыIуэхуу, абы гу лъамытэ хуэдэу. Иджы цIыхум зыкъащIэжауэ, ирогузавэ абы къытхуихь шынагъуэм. Къохъу пластикыр тенджызым хакIутэурэ абы хытIыгу щIыкIэу щызэщIэхъаеу къытенэу. Абы и закъуэ - псым псэущхьэу хэсхэмрэ псы щIыIум бзууэ тетIысхьэхэмрэ Iисраф зэтрещIэ пхъэнкIийм. ЦIыхум къигъэсэбэпу хыфIидзэж хьэпшып бжыгъэншэхэр, я хьэлъагърэ инагъкIэ къыпхуэмылъытэнухэр, лъэужь мыкIуэдыжыну ЩIы хъурейм къытонэ, абы кърикIуэм щIым и щытыкIэр нэхъыкIэ ещI, цIыхум и узыншагъэр докIуэд, псэущхьэхэм я бжыгъэмрэ я фIагъымрэ егъэмащIэ.

Дэ зи гугъу тщIыр шхын зрагъэзагъэ, зэрытхьэщIэ, зэрыжьыщIэ хуэдэхэр зэрыт, зэрылъхэращ. Ауэ дытепсэлъыхьынуи, и шынагъуагъыр ди нэгу къыщIэдгъэхьэнуи тхулъэкIынукъым промышленностым и кIэрыхубжьэрыхухэр. Арауэ къыщIэкIынущ ЩIы хъурейр зыуфэбгъупэнур. Мыдрейуэ, нэхъ мащIэ хуэдэу ди нэгу къыщIэдгъэхьэ пластикым, щIым хэмыкIуэдэжу илъэс щиплIщитхукIэ хэлъ нэгъуэщI кIэрыхубжьэрыхухэм (ахэри къыдэзыгъэкIыр нэхъыбэм IуэхущIапIэ инхэращ) я куэдагъыр цIыху къызэрыгуэкIым къыхуэлъытэнукъым, зэрыкъэралуи къыхуэмыхутэныр хэлъщ.

Сэ къысщохъу зэман къэсыну, зэтрауцIэпIа щIыуэпсым нэхърэ нэхъ Iуэху гузэвэгъуэ щымыIэу къыщалъытэн. Ар псоми къагурыIуэжу Iуэхур ягъэзэкIуэжыну иужь щихьэну илъэсхэм сыхэплъэну си нэ къокI. МызэкIэ дэ, цIыху къызэрыгуэкIхэм, тхузэфIэкIынури мащIэкъым дунейм и къабзагъэм теухуауэ. Псалъэм папщIэ, щхьэж егупсысрэ къалэну зыхуигъэувыжмэ, махуэ къэс тыкуэн зэмылIэужьыгъуэхэм къыщищэху хабзэ целлофан хъуржынхэр къимыщтэжу зригъэсэфынущ. Хэт зымыщIэр целлофанри щIым илъэс 400-кIэ хэмыкIуэдэжу зэрыхэлъынур? Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт зы цIыхум и зэранкIэ илъэсым къриубыдэу апхуэдэ хъуржыну щIы щхьэфэм къытенауэ е щIым щIатIауэ мыфыжу щIэлъыр зыхуэдизыр. Фабрикэхэм ар къыщIамыгъэкIыххэнрат, дауи, нэхъ тэмэмыр, абы хуэкIуа къэралхэри щыIэщ, ауэ дэ щIэх апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм дынэсыну фэ теткъыми, щхьэж и щхьэм деж къыщригъажьэмэ, нэхъ хэкIыпIэщ зэкIэ. Аращи, хъуржын мыфыжу щIым халъхьэ къомыр илъэсым нэхъ мащIэ дыдэу 200 хуэдизкIэ зы унагъуэм хуэгъэмэщIэфынущ. Апхуэдэщ батарейкэ хыфIадзэжхэри. А Iэмэпсыхэр щIым хыхьа нэужь, зэранышхуэ къашэ, ихъуреягъкIэ щIыр зэтрауцIапIэу, цIыхум и узыншагъэми зэран хуэхъуу. Иджы апхуэдэхэр пIызых IуэхущIапIэхэр къэунэхуащи, абдеж щызэхуахьэсурэ заводышхуэхэм ирагъэшэж. ЕджакIуэ цIыкIухэр къыхашэри, иджыблагъэ Налшык дэт Гранд-Кавказ хьэщIэщым апхуэдэ Iуэху щхьэпэ зэрырагъэкIуэкIымкIэ хъыбар къэIуащ, зэхуахьэсауэ хъуари Челябинск ирагъэшащ, абдеж щызэхагъэвэжу щIэрыщIэу къыщагъэсэбэпыжыну.

Сыт хэлъыр псы Iуфэхэм, губгъуэхэм пхъэнкIий щумыкIутыным? Хэлъыр напэщ, укIытэщ, гъэсэныгъэщ, къэрал хабзэм уемыбэкъуэнырщ. Абыхэм ящыщ зыгуэр нэхъ мыхъуми пхэлъмэ, апхуэдэ Iуэху икIэ зэи блэжьынукъым - уи фIейр зыщIыпIэ деж къыщыбгъанэу уежьэжынукъым, е ар зэхуэпхьэсу псыхъуэм дэпкIутэнукъым, псыежэхым хэпкIутэнукъым. Иджырей ди псы ежэххэр пхъэнкIий елъэсэхыпIэ зыщIар куэд мэхъу. Зи канализацэ абы езышалIэхэр-щэ? Мис апхуэдэхэм къэралыр ткIийуэ етхьэкъун хуейщ, ялэжь мыхъумыщIагъэр къызэрахутэу.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, дунейм и къабзагъэр зэIызыгъэхьэ щхьэусыгъуэхэр куэдыщэ мэхъу. Куэд елъытащ псори къызэщIэгъэуIуэным: къэрал унафэри, унагъуэм къыщекIуэкI гъэсэныгъэри. ЕджапIэхэм я программэхэм экологие предметыр хагъэхьами хъунут.

Дыхуэвгъэсакъ, дывгъэхъумэ дыкъэзыухъуреихь дунейр. ЩIэблэм щапхъэ дахэ евгъэгъэлъагъу нэхъыжьхэм. Уи хэку уисыжу, уищI утесыжу упсэуныр насыпщи, ди щIыналъэр къабзэу зедвгъэхьэ.

**ТЕУНЭ Джэмал**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым къызэгъэпэщыныгъэ, финанс IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ-бухгалтер учётымрэ финансхэмкIэ къудамэм и унафэщI **Шагъыр Тамарэ Мухьэмэд и пхъум** хуогузавэ абы и къуэ **Шагъыр Юрий Валерэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

# Мы махуэхэм

## Бадзэуэгъуэм и 6, щэбэт

♦**Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Днепр псым и дунейпсо махуэщ**
♦**Литвам и къэралыгъуэм и махуэщ**
♦**Къэзахъ Республикэм щагъэлъапIэ я къалащхьэ Астана и махуэр**.
♦**1997 гъэм** Къэзахъстаным и парламентым унафэ къищтащ я къалащхьэр Алма-Ата ирахыу Акмола (иджы абы зэреджэр Астанащ) яхьыным теухуауэ.
♦**1557 гъэм** Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм гухьащ.
♦**1661 гъэм** Иркутск къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
♦**1785 гъэм** США-м и Конгрессым унафэ къищтащ америкэ ахъшэм «доллар» фIэщыным теухуауэ.
♦**1803 гъэм** Санкт-Петербург къыщызэрагъэпэщащ мафIэсгъэункIыфI гуп.
♦**1885 гъэм** хьэщхьэрыIуэ узыфэм зэребэн хущхъуэр япэу цIыхум халъхьащ. Франджы микробилог цIэрыIуэ Пастер Луи а мастэр игъэунэхурт, псэущхьэхэм ярихьэлIэурэ. Хущхъуэр, Iэмалыншагъэм ирихулIэри, абы хиIун хуей хъуащ хьэ зэдзэкъа, къелынкIэ зыщымыгугъ сабийм. СыхьэтипщIкIэ еIэза нэужь, щIалэ цIыкIум и узыншагъэр ефIэкIуэжу хуежьащ икIи узыфэ шынагъуэм къелауэ щытащ.
♦**1912 гъэм** Швецием и къалащхьэ Стокгольм къыщызэIуахащ V гъэмахуэ Олимп джэгухэр. ИпэжыпIэкIэ зэхьэзэхуэхэр екIуэкIащ мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ.
♦**1923 гъэм** къэру игъуэтащ СССР-р къызэгъэпэщынымрэ абы и Конституцэр къэщтэнымрэ теухуа унафэм. СССР-м и ЦIыхубэ Комиссархэм я Советымрэ (Правительствэр) наркоматхэмрэ къызэрагъэпэщащ.
♦**1957 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икIи республикэм Ленин орденыр етIуанэу къызэрыратам.
♦**2009 гъэм** Москва къэкIуащ США-м и президент Обамэ Барак.
♦**2013 гъэм** Къэзан къалэм къыщызэIуахащ XXVII Дунейпсо гъэмахуэ Универсиадэр.
♦1825 - 1855 гъэхэм Урысейм и императору щыта **Николай Езанэр** къызэралъхурэ илъэс 223-рэ ирокъу.
♦Къэзахъ Республикэм и президенту илъэс щэщIым нэблагъэкIэ лэжьа **Назарбаев НурсулътIан** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Урысей опернэ уэрэджыIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Синявская Тамарэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ актёр цIэрыIуэ, режиссёр, сценарист, фильм 50-м щIигъум щыджэгуа **Сталлоне Сильвестр** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦США-м и президенту щыта **Буш Джордж-нэхъыщIэм** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щыщ спортсмен, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, 1980 гъэм Москва щекIуэкIа Олимп Джэгухэм я чемпион **Рогожин Сергей** къызэралъхурэ илъэс 63-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Мысачэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Сэхъурокъуэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

## Бадзэуэгъуэм и 7, тхьэмахуэ

♦**Тенджыз, псы флотхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Осетие Ищхъэрэ - Аланием егъэлъапIэ Республикэм и махуэр**
♦**Японием щагъэлъапIэ Лъагъуныгъэм и махуэр**
♦**1687 гъэм** Ньютон Исаак къихутащ дунейм зыщIэзышэ къару зэрыхэлъыр.
♦**1918 гъэм** Советхэм Екатеринодар (иджырей Краснодар) щрагъэкIуэкIа съездым унафэ къыщащтащ Кавказ Ищхъэрэ республикэ къызэгъэпэщыным теухуауэ.
♦**1920 гъэм** Антверпен (Бельгие) щыщIидзащ VII гъэмахуэ Олимп Джэгухэм. Ар къызэIухыным теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIар шыщхьэуIум и 14-рщ.
♦**1923 гъэм** Азербайджан ССР-м хыхьэу къызэрагъэпэщащ Нагорнэ Карабах автономнэ областыр.
♦**1932 гъэм** гъэш промышленностым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институту Ленинград къалэм дэтым къэралым щыяпэу къыщагупсысащ шэр зэрагъэгъущ, иужькIэ ар зэрахьэж Iэмалыр.
♦**1941 гъэм** Киев фашистыдзэхэм ящыхъумэным теухуа зауэшхуэм щIидзащ. ФокIадэм и 26 пщIондэ гуащIэу зэпэщIэтауэ, къалэр нэмыцэхэм иратри, советыдзэхэр икIуэтын хуей хъуат.
♦**1971 гъэм** КIыщокъуэ Алим СССР-м и Литературэ фондым и унафэщIу хахащ.
♦Белоруссием и цIыхубэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, драматург, БССР-мрэ УССР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ я академиехэм я академикыу щыта **Купалэ Янкэ** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Луцевич Иванщ**) къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.
♦Опернэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Налшык мызэ-мытIэу щыIа **Образцовэ Еленэ** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦УсакIуэ, тхакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Италием щыщ композитор, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Кутуньо Тото** (и цIэ дыдэр **Сальваторещ**) и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Политик, КъБР-м и Парламентым и депутат **Iэпщэ Заур** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.
♦Ямало-Ненецкэ автономнэ округым и Iэтащхьэу щыта, Урысей Федерацэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и министр **Кобылкин Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.
♦Урысей биатлонисткэ цIэрыIуэ, Олимп Джэгухэм я дыщэ медалхэр тIэунейрэ къэзыхьа, дунейпсо чемпионатхэм хэнейрэ щытекIуа **Медведцевэ Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

## Бадзэуэгъуэм и 8, блыщхьэ

♦**Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэщ**
♦**УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я ракетэдзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ**
♦**951 гъэм** Франджым и щыхьэр Париж ухуэн щIадзащ.
♦**1796 гъэм** США-м и къэрал департаментым и цIыхухэм паспорт яритын щIидзащ.
♦**1918 гъэм** Киев къыщызэрагъэпэщащ Украинэм и Къэрал Сенатыр.
♦**1944 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «Анэ-лIыхъужь» цIэ лъапIэр, «Анэм и щIыхь» орденымрэ «Анагъэм и медалымрэ» къащтащ.
♦**1974 гъэм** КПСС-м и ЦК-р арэзы техъуащ Байкал-Амур гъущI гъуэгум и проектым.
♦**1997 гъэм** Урысейм къыщащтащ паспортым теухуа хабзэщIэ - къэралым и цIыхуу зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа дэтхэнэми ар иIэн хуейуэ ягъэуващ.
♦Совет физик лъэрызехьэ, академик, Нобель и саугъэтыр 1978 гъэм зрата **Капицэ Пётр** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
♦Совет космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Севастьянов Виталий** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Мягков Андрей** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Москва дэт «Сатирикон» театрым и художественнэ унафэщI **Райкин Константин** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, продюсер, «Мосфильм» концерным и унафэщI, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Шахназаров Карен** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Актёр, уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Певцов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.
♦Урысей уэрэджыIакIуэ, «Дыщэ граммофоныр» тIэунейрэ зыхуагъэфэща, нэгъуэщI саугъэтхэри мызэ-мытIэу зрата **Фриске Жаннэ** къызэралъхурэ илъэс 45-рэ ирокъу.
♦Теннисисткэ цIэрыIуэ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым бжьыпэр щызыубыда **Мыскинэ Анастасие** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЗэбгъащIэр IэщIагъэщи, умыщIэр IэщIыбщ.**

● Псапэ



Ныбжьэгъу лъапIэхэ, илъэсиплI зи ныбжь Тишкинэ Анжеликэ фыдэIэпыкъуну къыфщогугъ. Хъыджэбз цIыкIур хьэлъэщ, ДЦП узыфэм нэгъуэщI узхэри къытрихьэжащи, а псоми я щIыIужкIэ и Iэ сэмэгумрэ и лъакъуэ сэмэгумрэ нэхъ кIэщI хъуащ икIи мэгъу. А псоми еIэзэным ахъшэшхуэ текIуэдэнущ.

Анжеликэ фыдэIэпыкъун папщIэ ХъумапIэ банкым и картэм и номерыр: 63900260906 9348382.

Телефонхэр: **8-928-690-79-06**, **8-938-079-37-48 (Раисэ)**.

● Футбол

# «Спартак-Налшыкым» къыпэплъэр сыт?

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэр зэриухрэ мазэм щIигъуащ. КъыкIэлъыкIуэм щыщIидзэнум иджыри траухуакъым икIи и чэзууэ къыдолъытэ «Спартак-Налшыкым» зэпеуэ блэкIам къыхуихьахэмрэ дызыхуэкIуэм къыпэплъэмрэ дытепсэлъыхьыну.***

## БлэкIам и дерсхэр

БлэкIа илъэсым «Спартак-Налшыкым» зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ. ЗыкъомкIэ ар и фIыгъэщ Трубицин Сергей абы и тренер нэхъыщхьэу зэрагъэувам. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа, Совет Союзым футболымкIэ и япэ, етIуанэ лигэхэм ди командэм хэту 1979 - 1991 гъэхэм зэIущIэ 414-рэ щезыгъэкIуэкIа, абыхэм топ 44-рэ я хьэрхуэрэгъухэм щахудэзыгъэкIа IэщIагъэлI гумызагъэм гурэ псэкIэ зыхищIащ гупыр зыхуейр, абы и зыужьыныгъэр зэлъытар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэм Iэфlу ягу къинэжащ «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм щыхэта 2006 - 2012 гъэхэр. Ди республикэм къэкIуэрт Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми щыцIэрыIуэ командэхэмрэ футболист лъэщхэмрэ. Абы щыгъуэми, КъБР-м топджэгум зыщиужьыным и лъабжьэр а лъэхъэнэ цIуугъэнэм зыкъомкIэ зэрыщIилъэсыкIари нэрылъагъущ. Гуп нэхъыщхьэм екIурэ-ещхьу хэтыфын папщIэ махуэ къэс сом мелуаным щIигъу илъэсихрэ ныкъуэкIэ зытекIуэда «Спартак-Налшыкым» ди щIыпIэм къыщалъхуарэ щагъэсауэ щыджэгуар мащIэ дыдэщ икIи апхуэдэхэм я зэфIэкIыр зыми къилъытакъым. НэгъуэщIуи ухэтыфыну къыщIэкIынутэкъым къэрал мылъкур къанэ щIагъуэ щымыIэу зэкIуалIэ «Газпром», «Роснефть», «ВТБ-Банк», «Башнефть», «Россеть» компание лъэщхэм, нэгъуэщI олигарххэм зи командэхэр «къыщызэдэзыгъажэу» зэштегъэупIэ ящIа урысей премьер-лигэм. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, «Синдика» корпорацэр зыIэщIэлъ Къанокъуэ Арсен а лъэхъэнэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и президенту ямыгъэувамэ, дэри футболышхуэр зэи зэрыдмылъагъунур гурыIуэгъуэт.

Илъэсихрэ ныкъуэкIэ «Спартак-Налшыкыр» къэралым и гуп нэхъыщхьэм хъарзынэу хэтащ икIи дэрэжэгъуэ ин къыдитащ. Сыт и уасэт вагъуэ пщыкIутIыр щызэблэдза адыгэ ныпым и лъабжьэм «Синдика» псалъэр зыщIэтха фащэхэр ящыгъыу щIалэхэр утыку къызэрихьэр, я хьэрхуэрэгъухэр зэрыхагъэащIэр?! Ар зэи гум имыхунщ. Апхуэдэу щыт пэтми, щIэх-щIэхыурэ уегупсысырт хамэ защIэкIэ зэхэгъэува щIыпIэ командэм къэкIуэну зэримыIэм. ГурыIуэгъуэт абы нобэ щыджэгухэр пщэдей ахъшэ нэхъыбэ къезытхэмкIэ зэребэжынур икIи утыку дыкъызэрыранэнур. Утыку дыкъинэнут, ди республикэм къыщалъхуа, щагъэса, пыщIэныгъэ гуэр хузиIэхэр «Спартак-Налшыкым» щIагъуэу зэрыбгъэдамыгъэхьэм къыхэкIыу. Пэжщ, Битокъу Тимур, Къудей Леонид, Джатэрывэ Къазбэч, Мэшыкъуэ Аслъэн, Къэжэр Назир, Гъуэщокъуэ Арсен сымэ премьер-лигэм зэрыхэтам и фIыгъэкIэ къэрал псом къыщацIыхуащ. АрщхьэкIэ илъэсихым щIигъу лъэхъэнэм дежкIэ абыхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэт. Урысей Федерацэм и гуп нэхъыщхьэм зэрыкIуам и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуаха футбол школ куэдым уэру къекIуалIэ сабий минхэм адэкIэ зыщаужьын, зыкъыщагъэлъэгъуэн щыIэтэкъым, республикэм и профессионал командэ закъуэр хамэхэм яубыдати.

Премьер-лигэри япэ дивизионри зэкIэлъхьэужьу зэман кIэщIым къриубыдэу ибгына иужькIи, «Спартак-Налшыкым» нэхъыбэу хагъэхьар дыдымейхэращ. Абы и тренеру ягъэувхэм фIыкIэ зыкъагъэлъэгъуэн хуейти, тегъэщIапIэ ящIыр нэгъуэщI щIыпIэхэм къраш футболист хьэзырхэрт. Уеблэмэ мылъкуи ямыIэжу, къалэни хуамыгъэувыжу щыщыта гъунэгъу илъэс зытхухми гупым нэхъыбэу кърашэлIар хамэхэращ, ахэр зэрагъэджэгум мылъку иращIу. Къыщыхъу щыIэт шэшэнрэ ингушу ди командэм хэтыр хэпщIыкIыу щынэхъыба, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ нэхърэ. Абы щыгъуэми, ди щIалэхэр хамэ щIыпIэхэм щызэбгрыдзат.

## Ди щIалэгъуалэр уэру утыку къохьэ

Илъэс ипэкIэ Трубицин Сергей тренер нэхъыщхьэу ягъэува иужькIэ, «Спартак-Налшыкыр» къэщIэрэщIэжыныгъэм и гъуэгум теуващ. Абы тегъэщIапIэ ищIащ дыдейхэр икIи мыгъэрей зэхьэзэхуэм и кIэухым зэуэ ди щIалэщIипщI джэгупIэ губгъуэм щита щыIэщ. Аращ тэмэмри. Республикэм и командэ нэхъыщхьэр я плъапIэу щытыпхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболист ныбжьыщIэхэм.

Хуэм-хуэмурэ «Спартак-Налшыкым» хэкIыжащ нэгъуэщI щIыпIэ къикIахэм я нэхъыбэр. Пэжщ, ди щIалэхэми командэ нэхъыфIхэр къащыщIэупщIэм, заIэжьакъым. Ари захуагъэщ. Къапщтэмэ, гъатхэпэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыщIидзэжым ирихьэлIэу «Спартак-Налшыкым» зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ къыщыхъуащ. НэгъуэщI командэхэм хыхьащ Иорданием щынэхъ лъэщхэм ящыщ «Аль-Ахьли»-м ирагъэблэгъа гупым и пашэ гъуащхьауэ Бажэ Амир, Курск и «Авангард»-м кIуа гъуащхьэхъумэныкъуэ Мэшыкъуэ Хьэчим, Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м хаша Хьэгъур Къантемыр. Гъуащхьэхъумэхэу Аслъэныкъуэ Алан, Беришвили Раул, Власов Виталий, Эмексузян Григорий сыми я насып лъыхъуакIуэ ежьащ. Абыхэм я пIэкIэ ди республикэм и щIыхьыр урысейпсо утыкум щахъумэну «Спартак-Налшыкым» хэтхэм хагъэхьащ Армавир къикIыжа Мэкъуауэ Залым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол школхэм я гъэсэн щIалэщIэхэу Апажэ Чэрим, Гуэнгъэпщ Албэч, Iэщын Аслъэн, Дзэмыхь Дамир, Сындыку Темыркъан, Стригэ Артём, Краснодар и «Кубань»-м къраша Хьэшыр зэкъуэшхэу гъуащхьауэ Аланрэ гъуащхьэтет Темырланрэ.

Ди командэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэфIхэм я хъер мыгувэу тлъэгъуащ: гъатхэпэм зыщIадзэжа зэхьэзэхуэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэ пщыкIутIым ящыщу «Спартак-Налшыкыр» къыщыхагъэщIар зы закъуэращ. Уеблэмэ налшыкдэс ныбжьыщIэхэр къапикIуэтакъым япэ дивизионым кIуэну ерыщу хущIэкъу Краснодар и «Урожай»-мрэ Песчанокопскэм и «Чайка»-мрэ. ТIури зэрытемыгъэкIуауэ, 0:0-у, иухащ икIи пашэхэм очко тIурытI фIагъэкIуэдащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу я хьэрхуэрэгъухэм топ пщыкIутху худагъэкIащ, езыхэм къыхудагъэкIар зэрыхъур хуэдищкIэ нэхъ мащIэщ.

Илъэс ипэкIэ щыIа зэхьэзэхуэм елъытауи «Спартак-Налшыкым» зиужьащ. 2017 - 2018 гъэхэм зыхэта джэгугъуэ 32-м 11-рэ щытекIуамэ, иджырей зэIущIэ 28-м апхуэдиз дыдэ ехъулIэныгъэхэр иIащ. ПлIыкIэ нэхъ мащIэрэ губгъуэм къихьами, нэгъабэ зыIэрагъэхьа очко бжыгъэм къызэрыкIэрыхуар зыкIэщ. Абы щыгъуэми, я хьэрхуэрэгъухэм топищкIэ нэхъыбэ (39-рэ) худагъэкIащ, къызэрыхагъэщIари апхуэдизкIэ нэхъ мащIэщ.

Псом ящхьэращи, гупым хагъэхьа щIалэщIэхэр лъэ быдэкIэ утыку къихьащ икIи IэщIагъэлIхэм гу къылъатащ. ЖыпIэну ирикъунщ, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым хэт щIыналъэхэм зэхьэзэхуэм и ужькIэ ирагъэкIуэкI «Переправа» зэпеуэм щыджэгун папщIэ «Ипщэ» гупым и командэ къыхэхам ди щIалитху зэуэ зэрыраджар икIи КIэдыкIуей Хьэким, Лелюкаев Алан, Ашу Мурад, Белоусов Никитэ «Спартак-Налшыкым» и пщIэр лъагэу зэраIэтар.

Етхуанэр илъэс пщыкIуий зи ныбжь гъуащхьэхъумэныкъуэ Iэпщацэ Маратт. АрщхьэкIэ а пIалъэ дыдэм Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ ныбжьыщIэ командэ къыхэхам ирагъэблэгъати, абы щыджэгуным нэхъ пщIэ иIэу къалъытэри, и гъэсакIуэхэм ар япэ ирагъэщащ. ИкIи щыуакъым. Мэкъуауэгъуэм и 4 - 14-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIа, Гранаткин Валентин и цIэкIэ къызэрагъэпэща XXXI дунейпсо зэхьэзэхуэм Iэпщацэ Марат щыджэгуа Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ ныбжьыщIэ командэ къыхэхам хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуат Ираным, Аргентинэм, Армением я гуп лъэщхэр. Ди лъахэгъум абыхэм фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Уеблэмэ Iэпщацэм дигъэкIа топым и фIыгъэкIэ, Армением и командэ къыхэхар хагъэщIащ. Еблэнэ дакъикъэм абы и хьэрхуэрэгъум топыр къытрихащ икIи гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIри, бжыгъэр къызэIуихащ. Шэч хэмылъу, Марат футболым щича лъэбакъуэщIэщ ар икIи абыи адрей ди щIалэщIэхэми ехъулIэныгъэхэр яIэну ди гуапэщ.

## Бжыгъэхэм уахэплъэмэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэр хуабжьу гуащIащ. Уеблэмэ абы щытекIуар иджыри къэс наIуэ хъуакъым: бжьыпэр зыубыда Песчанокопскэм и «Чайка»-мрэ абы ерыщу илъэс псокIэ еныкъуэкъуа Краснодар и «Урожай»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр топджэгу губгъуэм икIри, хабзэхъумэхэм я деж нэсащи. А тIур зэхуэфэщэн хьэрхуэрэгъуу къыщIэкIащ. «Ипщэ» гупым хэтхэм ящыщу песчанокопскэдэсхэр я стадионым щынэхъыфIащ икIи тIэу фIэкIа зэрытемыгъакIуэу адрей псоми очко щырыщ къыщахьащ. «Урожай»-м хуэдитIкIэ нэхъыбэ Краснодар щыфIэкIуэдащ. Абы щыгъуэми ар нэгъуэщI щIыпIэхэм щынэхъ лъэщащ икIи джэгугъуэ 14-м щыщу 10-м щытекIуащ.

«Спартак-Налшыкым» хэт щIалэщIэхэр я стадионым щыIэнкунащ. ИкIи ар гурыIуэгъуэщ - къеплъыну къэкIуа я ныбжьэгъухэм, благъэхэм, гъунэгъухэм я пащхьэм фIыуэ зыкъыщагъэлъэгъуэну хущIэкъуурэ щыуагъэ зыбжанэ зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм яIэщIэкIащ. Абы и зэранкIэ тхуэнейрэ Налшык къыщыхагъэщIащ икIи зыIэрагъэхьэфыну щыта очко 42-м щыщу къалъысар 19-щ. АрщхьэкIэ нэгъуэщI щIыпIэхэм щрагъэкъужащ. Абыхэм щрагъэкIуэкIа джэгугъуэ 14-м щыщу 2 къудейм къыщытекIуауэ аращ.

Я стадионми нэгъуэщI щIыпIэхэми нэхъ щыхуэмыхуар, дауи, кIэух увыпIэр зыубыда Дон Iус Ростов и «Академия»-ращ. И унэм абы къыщихьыфар очкоитI къудейщ. Ростовдэсхэм хуэмыхуагъкIэ къакIэлъокIуэ Нэзрэн и «Ангушт»-р. Ингушхэм къадэщIхэр я деж зэрыщагъэгуфIэфар зэ закъуэщ.

Гуапэщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщиубыдар Краснодар и «Урожай»-м и пашэ ди лъахэгъу Къалмыкъ Амур. Ар мы зэхьэзэхуэм пщыкIублрэ къыщыхэжаныкIащ. Абы зы топкIэ къыкIэрыхуащ «Чайка»-м и гъуащхьауэ Подбельцев Александр. «Спартак-Налшыкым» щыджэгу Мэшыкъуэ Ислъам ещанэ хъуащ, мы зэхьэзэхуэм топ пщыкIуз щыдигъэкIауэ.


ЗэхьэзэхуэрщекIуэкIым.


«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ нэхъыфI Мэшыкъуэ Ислъам.

## Песчанокопскэм къыщыхъуар

Зым и дежкIи щэхукъым - дунейр зэтезыIыгъэхэм ящыщ зыщ Iулъхьэ тынкъеIыхыныр. ГъащIэм и дэнэ щIыпIи абы ущрохьэлIэ, арщхьэкIэ зэрыщыIэр ябзыщIмэ псоми нэхъ къащтэ. Iулъхьэм зэщIиIулIахэм ящыщщ спортри, ауэ ар къэпхутэну хуабжьу гугъущ, куэд дыдэр хуэIэижь хъуащи. Апхуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшыкыр» зыхэт Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым хабзэм къемызэгъ щызылэжьахэр къыщыщIагъэщащ. Ар къыщыхъуар зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъ «Чайка»-м Песчанокопскэ къуажэм щиIэ стадионым Новороссийск и «Черноморец»-р къыщригъэблэгъа накъыгъэм (майм) и 13-ращ.

Зэпеуэр и кIэм щынэблэгъам и деж командэхэм зыIэрагъэхьэ очкохэм я уасэри хуабжьу доуей. Гъэ псом зыхунэмысар зэуэ зрагъэгъуэтыжыну куэд хущIокъу. Дауи, я мурадхэр зрагъэхъулIэн папщIэ языныкъуэхэр сыт хуэдэ Iэмалми хуэкIуэфынущ. Ар яфIэдурысу къыщIэкIащ мыгъэрей зэхьэзэхуэм зым адрейм къыпимыкIуэту бжьыпэм къыщызэдэгъуэгурыкIуа цIыху мин тIощIым фIэкIа щымыпсэу Песчанокопскэ къуажэм и «Чайка»-мрэ мелуаным щIигъу зыдэс Краснодар къалэм и «Урожай»-мрэ.

Нэгъабэ и гъэмахуэм зыщIидза зэхьэзэхуэр щиух мазэр хуабжьу гуащIэу щытащ пашэхэм я дежкIэ. ИмыщIэххэу, мафIэр къызэщIигъэплъащ «Спартак-Налшыкым». ЯпэщIыкIэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и кIэухым Краснодар щыIэу ди щIалэхэм, зыми хуамыгъэфэщауэ, щIыпIэ «Урожай»-р ягъэлъэпэрэпащ. Куэдым къащыхъуауэ къыщIэкIынущ ди лъахэгъу зыбжанэ (Къалмыкъ Амур, Жылэ Ислъам, Абазэ Астемыр сымэ, нэгъуэщIхэри) зыхэт хэгъэрейхэм налшыкдэсхэр псалъэмакъыншэу къапикIуэтыну икIи я очко бжыгъэм хагъэхъуэнымкIэ зэран мыхъуну. АрщхьэкIэ Трубицин Сергей и гъэсэнхэр къэгъэIурыщIэгъуафIэ хъуакъым икIи текIуэныгъэр зи Iэрылъхьэу пасэIуэу къэзылъыта краснодардэсхэр щIылъэм кърагъэувэхыжащ. «Урожай»-р хуабжьу ерыщу икIи къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуа пэтми, гъуащхьэтет, гупым и капитан Щоджэн Борис зи пашэ «Спартак-Налшыкым» зыкъыхригъэгъэщIакъым. ЗэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ иухащ икIи пашэныгъэм щIэбэн хэгъэрейхэм, ямыщIэххэу, очкоитI яфIэкIуэдащ.

ЩIыхуэм щIигъанэу зэхуащIыжа «Кубань»-м и пIэкIэ урысейпсо утыкушхуэм «Урожай»-р къизыгъэхьэну мурад зыщIа Краснодар къалэм и унафэщIхэм я хъуэпсапIэр зэраIэщIэкIыр абы иужькIэ нахуэу къагурыIуащ. Зэхьэзэхуэр иухыным къэнэжар джэгугъуитху къудейт икIи зыгуэрхэр къэгупсысын хуейт. Къэнэжыр, яIэщIэкI я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «Чайка»-р къызэтегъэувыIэнырт, дяпэкIэ абы къыпэщIэувэнухэр мылъкукIэ тегъэгушхуауэ.

Накъыгъэм и пэщIэдзэм Песчанокопскэм и командэр Налшык къэкIуащ. Ар Iэмал хъарзынэт къуажэдэсхэр къызэрытрагъэувыIэну. Къэнэжа я хьэрхуэрэгъухэм ящыщу «Чайка»-м очко бжыгъэ гуэр фIэзыгъэкIуэдыфынур «Спартак-Налшыкымрэ» Новороссийск и «Черноморец»-мрэт. Апхуэдэу къэхъуатэмэ, «Урожай»-м и насып къикIынут икIи, бжьыпэр иубыдынурэ, зыщIэхъуэпс япэ дивизионым кIуэну Iэмал игъуэтынут.

«Чайка»-ми налшыкдэсхэр ерыщу япэщIэтащ. Уеблэмэ ар хагъэщIэфынуи щытащ, ауэ зэрытемыгъакIуэу очкоитI зэрыфIагъэкIуэдари «Урожай»-м и дежкIэ Iуэхутхьэбзэшхуэт.

А махуэ дыдэм, накъыгъэм и 4-м, Налшык нэхърэ сыхьэт ныкъуэкIэ щынэхъ кIасэу джэгун щрагъэжьащ Ставрополь къалэм. Абы щIыпIэ командэм къыщригъэблэгъат Краснодар и «Урожай»-р. КъыкIэрыхухэм иджыри къэс яхэта хэгъэрейхэр а зэIущIэм очко бжыгъэ гуэри щыхуэныкъуэтэкъым икIи хьэщIэхэм Iэмал псори яIэт текIуэныгъэр яхьыну. Налшык щыIэу «Чайка»-м очкоитI а махуэм зэрыфIэкIуэдар къэзыщIа «Урожай»-м и футболистхэм иджыри сыхьэт ныкъуэ яIэт я мурадыр зрагъэхъулIэну. Бжыгъэр абы ирихьэлIэу 1:1-ти, зы топ закъуэ «Динамо-Ставрополь»-м худагъэкIыжын хуейуэ арат. Краснодардэсхэм, дауи, ипэкIэ зрачащ. АрщхьэкIэ текIуэным и пIэкIэ къыхагъэщIащ - хэгъэрейхэм Iэзэу къагъэсэбэпащ «Урожай»-м и зыхъумэжыныгъэр зэрагъэкIэщхъар. Арати, 1:2-уэ къыхагъащIэри, краснодардэсхэр щытыкIэ гугъу дыдэм ихуащ. ГугъапIэу къэнэжыр «Черноморец»-м «Чайка»-р Песчанокопскэ къуажэм щыхигъэщIэнырт. Ар тынштэкъым, ауэ яхузэфIэмыкIынуи щыттэкъым. АдэкIэ къэхъуаращ бэлыхьышхуэ къызэрыкIар.

Урысей футболым щыхабзэщ, икIи ар къемызэгъыу къалъытэркъым, лъэныкъуитIыр щызэпэщIэувэкIэ зи сэбэп хэлъ ещанэм зыхуейр мылъкукIэ тригъэгушхуэу. ЗэрыжаIэмкIэ, «Урожай»-м и унафэщIхэм «Черноморец»-м и футболист нэхъыфI зыбжанэ къагъэгугъащ «Чайка»-р хагъащIэмэ, сом мелуан ныкъуэкIэ ягъэфIэжыну.

2019 гъэм накъыгъэм и 13-р урысей футболым и тхыдэм хыхьэфынущ Iулъхьэ щата зэIущIэр япэу къыщыщIагъэщауэ. Хабзэм и хъумакIуэхэр Iуэхум иджыри йолэжь икIи пыухыкIауэ зыми тебгъэчыныхьыфынукъым, ауэ абы кърикIуа япэ унафэхэм зыкъом къыбгурагъаIуэ.

Арати, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и 27-нэ джэгугъуэм хыхьэ «Чайка» - «Черноморец» зэIущIэр блыщхьэм, накъыгъэм и 13-м, зэхагъэтащ, адрейхэр щэбэтым зэдэджэгуа пэтми. ГурыIуэгъуэт абы псори набдзэгубдзаплъэу зэрыхущытынур. Сыти жыIи, зэхэкIыфынут зэпеуэм пашэныгъэр щызыубыду япэ дивизионым кIуэну хуитыныгъэр къэзыхьынур хэтми.

Джэгур гуащIэ дыдэу ирагъэжьащ. ДакъикъиплI дэкIауэ арат Новороссийск къикIа «Черноморец»-м бжыгъэр къызэIуихыу япэ щищам. Абы хэгъэрейхэр арэзы къищIынкIэ Iэмал иIэтэкъым - къыхагъащIэмэ, «Урожай»-м бжьыпэр яфIиубыдынут.

«Чайка»-м и футболистхэр къаруушхуэкIэ ипэкIэ кIуэтащ. АрщхьэкIэ яхузэфIэкIар, загъэпсэхуну имыкI щIыкIэ бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжынырщ. Нэрылъагъуэт хэгъэрейхэм тыншу текIуэныгъэр къазэрыIэрымыхьэнур. Абы щыгъуэми ящIэрт «Урожай»-м и унафэщIхэм «Черноморец»-р мылъкукIэ зэрытрагъэгушхуар. ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм зыгуэр щIэн хуейт икIи хэкIыпIэр ахъшэ нэхъыбэж етауэ новороссийскдэсхэр къыдэхьэхынырт, армырамэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаIэщIэкIынут, абы и гъусэуи къуажэ командэр япэ дивизионым хуэзышэ гъуэгури зэхуэщIа хъунут.

Командэхэм загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ къэхъуар нобэр къыздэсым зэхагъэкI икIи абы щIэх кIэ иIэну къыщIэкIынукъым. «Черноморец»-м и футболистхэм къызэрымыкIуэ щыуагъэхэр яIэщIэкI хъуащ. Апхуэдэхэм ящыщ зым и зэранкIэ 62-нэ дакъикъэм судьям метр пщыкIузым и деж игъэлъэгъуащ. «Чайка»-м и гъуащхьауэ нэхъыфI Подбельцевым ар игъэзэщIэну дзыхь хуащIат, арщхьэкIэ топыр гъуэм дигъэкIыфакъым.

Хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъ гуащIэж мэхъу, хьэщIэхэм яфIэмыфIыщэурэ захъумэж. Арати, 74-нэ, 81-нэ дакъикъэхэм сытми топитI дагъэкIри, Новороссийск и командэр 3:1-уэ хагъащIэ. Абы къокI пашэныгъэр къахуэнауэ икIи къыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэр япэ дивизионым щыщIадзэну.

## КъулыкъущIэхэмрэ хабзэхъумэхэмрэ нобэми зэхагъэкI

Iуэхум хилъэфауэ зыкъэзылъытэжа Краснодар и «Урожай»-м и генеральнэ директор Градиленкэ Дмитрий Инстаграмым щиIэ и напэкIуэцIым а пщыхьэщхьэ дыдэм щитхащ «Чайка»-мрэ «Черноморец»-мрэ я зэIущIэм кърикIуа бжыгъэм хьэрэмыгъэ хэлъауэ гурыщхъуэшхуэ зэрыуигъэщIыр. Ар щIэдзапIэ яхуэхъури, къэралым и спорт газет нэхъыщхьэхэмрэ интернет-сайтхэмрэ ярыз хъуащ Песчанокопскэм къыщыхъуар кууэ щызэпкърах тхыгъэхэр. Дауи, Iуэхур нэсащ унафэщIхэми я деж. Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм (РФС) и Iэтащхьэу ягъэувагъащIэ Дюков Александр къыкIэлъыкIуэ махуэм жиIащ «Чайка» - «Черноморец» зэIущIэм кърикIуар спорт зэпеуэныгъэм пэжыжьэу гурыщхъуэ зэрыщыIэр икIи Iуэхур зэхигъэкIыну МВД-м и пщэ зэрыралъхьар. ПсынщIэ дыдэу къызэрагъэпэщащ РФС-м и лэжьакIуэ гуп, нэхъапэм топджэгу цIэрыIуэу щытахэу Симонян Никитэ, Гершкович Михаил, Мирзоян Александр, Лексаков Андрей, Власов Андрей, Старцев Александр сымэ хэту. Къраджэурэ ахэр еупщIащ зэIущIэм щыджэгуа футболистхэм, абыхэм я тренерхэм, судьяхэм. КъищынэмыщIауэ, къытрагъэзэжурэ еплъыжащ зэIущIэр зэрекIуэкIа, топхэр зэрыдагъэкIа щIыкIэм. Комиссэр зэакъылэгъуу арэзы техъуащ «Чайка» - «Черноморец» зэпэщIэтыныгъэр спорт зэныкъуэкъуныгъэм зэрыпэжыжьам.

Бэлыхь хэхуа командэхэми я Iуэху еплъыкIэр псынщIэу утыку кърахьащ. «Чайка»-р зи мылъкукIэ къэпсэу хьэрычэтыщIэ Чайкэ Андрей «Спорт-Экспресс» газетым и корреспондентым щепсалъэм къыхигъэщащ я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ Краснодар и «Урожай»-р, джэгупIэ губгъуэм къазэрыщыпэмылъэщам къыхэкIыу, административнэ Iэмалхэм зэрыхуэкIуар, апхуэдэ щIыкIэкIэ «Чайка»-р лъэныкъуэ ирагъэзу езыр япэ дивизионым кIуэн папщIэ.

«Черноморец»-ми зытригъэхьэн идакъым икIи «Урожай»-м и хьэгъэщагъэу а псори къилъытащ. «Делагъэщ ар. Зэрытрах камерэхэмкIэ сыт илъэныкъуэкIи узэда стадионым зыгуэр къыщыдбгъэдыхьэу ахъшэ къыдитауэ жыхуаIэм сытепсэлъыхьыххэну сыхуейкъым, - пиупщIащ новороссийскдэсхэм я тренер нэхъыщхьэ, ди лъахэгъу ДыщэкI Хьэзрэт. - Фэ езыр фегупсыс апхуэдэ хъыбархэм хэт и фейдэ хэлъми. СызэригугъэмкIэ, «Урожай»-ращ».

## Япэ тезырхэм къыкIэлъыкIуэфынущ

АрщхьэкIэ, Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм а псалъэхэм щыщIэдэIуакъым. Я Iэтащхьэ Дюковым пасэу жиIахэр гъуазэ зыхуэхъуа гупым къэхъуа псори «езым зэхигъэкIмэ» нэхъ къищтащ. Арати, тхьэмахуищ нэхъ дэмыкIыу, Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм и Къэзыпщытэ-тезыр тезылъхьэ комиссэм и унафэр мэкъуауэгъуэм и 7-м хэIущIыIу къэхъуащ. Абы ипкъ иткIэ, Новороссийск и «Черноморец»-м и тренер нэхъыщхьэ ДыщэкI Хьэзрэт футбол Iуэху илъэскIэ зэрихуэну хуимыту ягъэуващ. КъищынэмыщIауэ, а командэм и гъуащхьэхъумэхэу Юдин Иван, Пуляев Анатолий, гъуащхьэхъумэныкъуэ Резников Станислав сымэ илъэсищкIэ топ ягъэджэгунукъым. А псом ищIыIужкIэ, Краснодар и «Урожай»-м и генеральнэ директор Градиленкэ Дмитрий (зэрыфщIэжщи, абы Инстаграмым щитхахэращ псалъэмакъым и къежьапIэ хъуар) илъэскIэ футболым пэIэщIэ ящIащ, «Черноморец»-м хэтхэр мылъкукIэ нэхъапэжкIэ къыдихьэхыу зыхуей бжыгъэр зэIущIэм къыщыщIригъэдзыну зэрыхэтам папщIэ.

Гурыщхъуэ зыхуащIхэм тезыр тралъхьэн папщIэ тегъэщIапIэ лъэщ хуейт. Апхуэдэ хъуащ «Черноморец»-м и футболистхэм ящыщ зыр. Абы мылъкукIэ трагъэгушхуахэми ар къызыбгъэдэкIахэми я цIэ, унэцIэр кърикIуащ икIи жиIащ «Чайка» - «Черноморец» зэIущIэм и япэ Iыхьэр иухыу загъэпсэхуну икIа иужькIэ, хэгъэрейхэм сом мелуанитI къызэрыхуагъэлъэгъуар. Ар «Урожай»-м къритынум хуэдиплIкIэ щIигъурт.

Тезырхэр ткIийщ, ауэ ахэр щIэдзапIэу аращ. КъыкIэлъыкIуэнухэр нэхъ гуащIэжщ. Ар къыщыхъунур Урысей Футбол Зэгухьэныгъэмрэ МВД-мрэ я къэпщытэныгъэхэр зэфIэкIа иужькIэщ. ХуэбгъэфащэкIэ зэрыхъунумкIэ, удын нэхъыщхьэр зытехуэнур Песчанокопскэм и «Чайка»-ращ. Урысей футболым Iулъхьэм ерыщу зэрыщыщебэныр дуней псом щрагъэлъагъун папщIэ Ростов областым хыхьэ Песчанокопскэ къуажэм щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ Чайкэ Андрей и мылъкукIэ къыщызэрагъэпэща командэр хьэIупс ящIыфынущ. Ар и зэфIэкIкIи мыхьэнэкIи, дауи, «Газпром»-р, «Роснефть»-р, «Башнефть»-р, «ВТБ-Банк»-р, нэгъуэщIхэр къызыкъуэт адрей гуп нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщкъым.

Iуэхум и пэжыпIэр, дауи, зэхагъэкIынурэ, хабзэр къызэпызыудахэм тезыр тралъхьэнущ. Ауэ дауэ зэрызэхэбгъэкIынур зы командэм адрейр мылъкукIэ тригъэгушхуэну хуит ящIауэ къызэрекIуэкIым тетхэмрэ Iулъхьэ езытхэмрэ. ТIум щыгъуэми къикIыр зыщ - спорт зэныкъуэкъуныгъэр лъэныкъуэ езауэ мылъку зэлъэфэлIэныр япэ ищу аращ. Хьэмэ ягу къыщихьэм Iуэху къаIэту, адрейхэм гу лъамытэу дяпэкIи екIуэкIыну ара? Апхуэдэфэ тетщ.

Дауэ щытми, накъыгъэ мазэм Песчанокопскэ къуажэм къыщыхъуам зыми фэфI къытригъауэркъым. Арауэ къыщIэкIынщ «Урожай»-м хъыбар щIызэбгригъэхар мазэ дэкIмэ щIэзыдзэну урысейпсо зэхьэзэхуэщIэм абырэ топджэгум дихьэххэм я мылъкукIэ къызэрагъэпэщыжауэ Краснодар крайм и чемпионатым щыджэгу «Кубань»-мрэ зы гупу зэхыхьэжыну. Песчанокопскэм и «Чайка»-ми, зыри къэмыхъуам хуэдэу, ерыщу зыхуегъэхьэзыр мыгувэу щIэзыдзэну Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм.

## Зэпеуэр мылъкум къелъахъэ

Урысей футболым и лъабжьэр щIэзылъэсыкIхэм ящыщщ зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтын мылъку командэхэм ирикъуу зэрамыIэр. Мыгъэрей зэпеуэр и кIэм намыгъэсыфу хэкIыжащ Дон Iус Ростов щыIэ, Понедельник Виктор и цIэр зезыхьэ академием и футболист ныбжьыщIэхэр. КIэух зэIущIэхэм абыхэм я хьэрхуэрэгъухэм 3:0-у къащытекIуауэ ятхащ. Хьэлэмэтращи, зэхуащIыжын ипэкIэ а командэр нэгъабэ и щэкIуэгъуэ мазэм иужьу Налшык щыджэгуати, 1:0-у ди щIалэхэм къефIэкIащ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым адэкIэ хэмытыжыфынур ростовдэсхэм я закъуэкъым. Абыхэм гъусэ яхуэхъуащ Нэзрэн и «Ангушт»-р. Ингушхэм жаIащ зэрыджэгум папщIэ футболистхэм ахъшэ щрат командэ дяпэкIэ зэрахуэмыгъэкъаруунур икIи къыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэр езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ ещанэ дивизионым къызэрыщыщIадзэнур. Дызыхэт гупым и пашэхэм ящыщ зыуэ щыта «IэфIыпс» командэри нэгъабэ зэрызэбграутIыпщыкIыжар къэплъытэмэ, Iуэхухэр щIагъуэкъым.

«Спартак-Налшыкым» апхуэдэ шынагъуэр щхьэщыкIа хуэдэщ. Абы и унафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, ятелъа щIыхуэ псори япшыныжащ икIи къалэн пыухыкIахэр (къапщтэмэ, япэ дивизионым гъэзэжыныр) дяпэкIэ къыхуагъэувыну къыщIэкIынщ. ИтIанэ нэхъ утыку ихьэнт ди щIыпIэм къыщалъхуа, зыщызыгъэса щIалэщIэхэр икIи нэхъыбэм къацIыхунт. АрщхьэкIэ иджыблагъэ къызэхуэсыжа «Спартак-Налшыкыр» аргуэру лъэпощхьэпохэм Iууащ. Ахэр, дауи, къызыхэкIар мылъкур зэрымащIэрщ икIи хуабжьу зэрагъэзэхуэн зэрыхуейрщ. ЗэкIэ ди щIалэхэм Налшык зыщагъасэ. АдэкIэ зэрыхъум деплъынщ, ауэ, иужь илъэсхэм хабзэ зэрахуэхъуауэ, аргуэру Нартсанэ (Кисловодск) зэрыфIэмыкIыфынур иджыпстуи нэрылъагъущ.

## НэгъуэщI щIыпIэхэр зи плъапIэхэр

Зы мазэ хуэдиз дэкIмэ, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зи чэзу зэхьэзэхуэм щыщIидзэн хуейщ. ЗэкIэ наIуэкъым абы хэтыну псори. Дапхуэдэу хъуми, и чэзум зэхьэзэхуэр зэхаублэнущ. Зэпеуэм хэтыну командэ псоми зыгъэхьэзырын ирагъэжьащ. Ауэ сыту пIэрэ «Спартак-Налшыкым» къыпэплъэр? Зыкъэужьыжыныгъэм и гъуэгум пащэну ди щIалэхэр мэпабгъэ. Ар къайхъулIэн папщIэ топджэгум куэд щызылъэгъуа икIи щызыхузэфIэкIа гъуащхьэтет икIи командэм и капитан Щоджэн Борис, гъуащхьэхъумэхэу Мэкъуауэ Залым, Тебэрды Тимур, Ольмезов Артур, гъуащхьауэхэу Мэшыкъуэ Ислъам, Бацэ Къантемыр, Машэжь Ратмир сымэ я Iэзагъым къыкъуэувэну хьэзырщ щIалэщIэхэм я жыджэрагъымрэ псынщIагъымрэ.

АрщхьэкIэ иужь махуэхэм къэIуа хъыбархэм ухагъаплъэ. ЩIэзыдзэну зэхьэзэхуэм къалэнышхуэхэр зыщыхуэзыгъэувыжа «Спартак-Владикавказ»-м хыхьэжыну пэгъунэгъущ нэхъапэм абы хэта ди гъуащхьауэ нэхъыфI Мэшыкъуэ Ислъам. Песчанопскэм и «Чайка»-м зыщегъэхьэзыр Тебэрды Тимур, Санкт-Петербург и «Зенит»-м и щIалэгъуалэ гупым къыщыкIэлъоплъ Iэпщацэ Марат. И ныбжьыр илъэс 33-м щIигъуами, япэ дивизионым и командэ зытIущ щIохъуэпс ди гъуащхьэтет икIи гупым и капитан Щоджэн Борис зыхагъэхьэну. НэгъуэщIхэми щIэупщIэ яIэщ. Пэжщ, къыхэжаныкIахэр командэ нэхъыфIхэм хыхьэн, абыхэм зыкъыщагъэлъэгъуэн хуейщ. АрщхьэкIэ пашэхэр псори зэбгрыкIыжмэ, «Спартак-Налшыкым» къыпэплъэр сыт? Хэт зыгъэсэнур, зыдэплъеинур, зыгъэгушхуэнур абы хыхьагъащIэ ди щIалэхэр?

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**.

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар***

| | Псори зэхэту | | | | | | Я стадионхэм | | | | | | НэгъуэщI щIыпIэхэм | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
| **1. «Чайка»** | **28** | **21** | **7** | **0** | **64-14** | **70** | **14** | **12** | **2** | **0** | **38-6** | **38** | **14** | **9** | **5** | **0** | **26-8** | **32** |
| 2. «Урожай» | 28 | 20 | 7 | 1 | 47-19 | 67 | 14 | 10 | 4 | 0 | 25-9 | 34 | 14 | 10 | 3 | 1 | 22-10 | 33 |
| 3. «Волгарь» | 28 | 18 | 5 | 5 | 48-22 | 59 | 14 | 10 | 3 | 1 | 26-9 | 33 | 14 | 8 | 2 | 4 | 22-13 | 26 |
| 4. «Черноморец» | 28 | 16 | 4 | 8 | 55-23 | 52 | 14 | 8 | 3 | 3 | 30-8 | 27 | 14 | 8 | 1 | 5 | 25-15 | 25 |
| 5. «Дружба» | 28 | 15 | 0 | 13 | 33-36 | 45 | 14 | 9 | 0 | 5 | 21-16 | 27 | 14 | 6 | 0 | 8 | 12-20 | 18 |
| **6. «Спартак-Налшык»** | **28** | **11** | **10** | **7** | **39-29** | **43** | **14** | **5** | **4** | **5** | **21-15** | **19** | **14** | **6** | **6** | **2** | **18-11** | **24** |
| 7. «Легион Динамо» | 28 | 11 | 9 | 8 | 30-21 | 42 | 14 | 7 | 4 | 3 | 15-6 | 25 | 14 | 4 | 5 | 5 | 15-15 | 17 |
| 8. «Биолог-Новокубанск» | 28 | 11 | 4 | 13 | 32-39 | 37 | 14 | 7 | 1 | 6 | 19-17 | 22 | 14 | 4 | 3 | 7 | 13-22 | 15 |
| 9. «Динамо-Ставрополь» | 28 | 10 | 4 | 14 | 36-48 | 34 | 14 | 6 | 2 | 6 | 18-20 | 20 | 14 | 4 | 2 | 8 | 18-28 | 14 |
| 10. «Спартак-Владикавказ» | 28 | 8 | 6 | 14 | 34-41 | 30 | 14 | 5 | 2 | 4 | 18-19 | 17 | 14 | 3 | 4 | 7 | 16-22 | 13 |
| 11. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 28 | 7 | 8 | 13 | 31-40 | 29 | 14 | 4 | 5 | 5 | 16-17 | 17 | 14 | 3 | 3 | 8 | 15-23 | 12 |
| 12. «Краснодар-3» | 28 | 7 | 7 | 14 | 37-51 | 28 | 14 | 5 | 5 | 4 | 26-18 | 20 | 14 | 2 | 2 | 10 | 11-33 | 8 |
| 13. СКА | 28 | 5 | 9 | 14 | 19-33 | 24 | 14 | 2 | 5 | 7 | 9-17 | 11 | 14 | 3 | 4 | 7 | 10-16 | 13 |
| 14. «Ангушт» | 28 | 2 | 9 | 17 | 13-47 | 15 | 14 | 1 | 4 | 9 | 6-27 | 7 | 14 | 1 | 5 | 8 | 7-20 | 8 |
| **15. «Академия»** | **28** | **2** | **3** | **23** | **11-66** | **9** | **14** | **0** | **2** | **12** | **4-33** | **2** | **14** | **2** | **1** | **11** | **7-33** | **7** |




● КъэкIыгъэхэр

# Бжьын



Бжьыныр зымышхрэ ерыскъыхэлъхьэу къэзымыгъэсэбэпрэ щIы хъурейм лъэпкъ къыщыгъуэтыгъуейщ. Аращ дэнэкIи куэду щIыщащIэри.

А хадэхэкI хьэлэмэтыр лIэужьыгъуэ щиплIым щIегъу, ауэ ди къэралым щащIэр щитIрэ тIощIрэ пщIым нэсщ. ЦIыхум фIыуэ ялъагъу къэкIыгъэ къудейкъым бжьыныр, атIэ бжьыныхум ещхьу, ари хущхъуэщ. «Бжьыным узыфибл егъэхъуж», - жиIэу псалъэжь щыIэщ.

Бжьыным и хэкур КъуэкIыпIэ Ищхъэрэрщ. Абы щыпсэухэм, илъэс минитIрэ щитхукIэ узэIэбэкIыжмэ, бжьын ящIэу щытащ. КъуэкIыпIэ Ищхъэрэм икIри бжьыныр пасэрей алыджхэм, хьэрыпхэм, урымхэм яIэрыхьащ, адэкIэ дуней псом щызэлъащIысащ.

Урысейм бжьыныр къызэрыщацIыхурэ куэд щIакъым - илъэс щибл - илъэс щий хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэщ.

ЦIыхур узыншэу щытын папщIэ зыхуеину куэд хэлъщ бжьыным. Ар белок, кислота, витамин зэмылIэужьыгъуэхэрщ. Нащэ, къэбыстэ, помидор е нэгъуэщI зыгуэрхэр щагъэфIэIукIэ, щашыукIэ бжьыныр куэду халъхьэ.

Къызэрыхэдгъэщащи, узыфэ зыкъомым ироIэзэ бжьыным. Псалъэм папщIэ, псчэ Iей зиIэм, зи тэмакъыр узым бжьынрэ форэ зэхуэдэу зэхалъхьэри ирагъэшх. БжьыныфIэм къыщIэвыкIа псыр щахуэмэ, уIэгъэр нэхъ псынщIэу мэкIыж, а псымкIэ щхьэр яхущIмэ, щхьэцыр иримыгъэкIыу зэтреIыгъэ, кхъапIэ хэлъмэ, егъэкIуэд.

НэгъуэщI Iуэхугъуэхэмкlи щхьэпэщ бжьыныр. Гуэдз е хьэпцIий гуэным иракIутэжамэ, ар нэхъ хъумэгъуафIэ мэхъу бжьыныщхьэ хэплъхьэмэ - хьэпIацIэ хригъащIэркъым.

Урыс еджагъэшхуэ Токин Борис къызэрихутамкIэ, бжьыным еукI уз зэрыцIалэхэр къезыхьэкI микробхэр. ЩIыфэр шхэмэ, къиткIуэткIуамэ, бжьын зэхэупщIэтар тIэкIурэ зэхэбгъэлърэ щыпхуэмэ, егъэхъуж.

**БОРЕЙ Рауф.**



● Теплъэгъуэ

Налшык къалэм и ухуэныгъэ нэхъ дахэхэм ящыщщ «Сосрыкъуэ» ресторанир.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

# Гупсысэр кIыхьщ, и кIэм нэс урикIуэф къудеймэ

Творческэр ехъулIэныгъэкIэ къыщIэбдзэныр Iэмалыншэкъым, нэхъыщхьэр - ехъулIэныгъэкIэ бухынырщ.

* * *

ТхакIуэм дежкIэ нэхъыщхьэр мурад дахэ иIэхэр, игъафIэ образхэр зыхэмыкI гупсысэхэр аракъым, атIэ дунейм къытехьа, цIыхухэр зэджэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, «лэжьэн» щIэзыдза и тхылъырщ.

* * *

Уи усэхэм уэ езыр укъеджэжыным къикIыр - цIыхухэм я пащхьэ уиту, уи гурыщIэхэр, гупсысэхэр «къэбупцIэнынырщ», мис, мыращ сэ сызыхуэдэр, жыпIэу. АтIэ ар Iуэху тынш?! СыщыщIалэм абы нэхъ тыншу сытегушхуэрт, иджы нэхъ зыпыIуздз сыхъуащ...

* * *

Жыг лъабжьэм икIыу хъугъэпсыр къудамэ псоми зэрыкIуэм хуэдэ къабзэу, усакIуэми и гурыщIэхэмрэ и гупсысэхэмрэ ялъэIэсу щытын хуейщ усэм хэт дэтхэнэ псалъэри - абы щыгъуэщ усэр «къыщыгъэгъэнур».

* * *

Зэзэмызэ плъэмыкIыу угупсыс уи жагъуэ хъууэ: сыту цIыху мащIэ дыдэ щыIэжыр, езыхэм я щхьэ закъуэ насып мыхъумэ, адрейхэм я насыпыр къызыфIэIуэхужу, абы щIэбэну, ягу къэкIыу!

* * *

Паспортым итщ укъыщалъхуар. УщылIэжынури иту щытамэ аратэкъэ - цIыху хуэдэу упсэуным нэхъ ухущIэкъунт. Армыхъуамэ языныкъуэхэм зэрамыхъэ щыIэкъым.

* * *

- Мыпхуэдэ махуэр схуэугъурлыкъым, - жиIэрт абы, ауэ, угъурлы хуэхъун папщIэ, зыри илэжьыртэкъым. АтIэ махуэм сыт и лажьэ, лажьэр зытехуэр уэрамэ!

* * *

Сабийм къызэралъхуу гъын щIедзэ. Дауи, абы ищIэ хъунщ арэзы зытемыхъуэн куэд къызэрыпэплъэр.

* * *

Уэ уздэгупсысам нэс фIэкIа гупсысэр нэмысыфу къыпфIэщIмэ, ущоуэ: гупсысэр кIыхьщ, и кIэм нэс урикIуэф къудеймэ.

* * *

Уи гур зыгъэныкъуэр, хэзыгъэщIыр куэдрэ умышэч - абы умыщIэххэурэ уи къарур щIихынущ. Iэмал зэриIэкIэ уи псэм зэрыпIэпихым хуэдэу узэрыпсэуным хущIэкъу, ар зэбгъэхъулIэну мытыншми.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

● ЖыIэгъуэхэр

# ЦIыху куэдым я гъащIэр зэIещIэ

♦**ЛъэпкъыфI и нэхъыжь дэIэпыкъуэгъуншэу къанэркъым.**

♦**МыхъумыщIэ зылэжьым хуэфэщэн удын темыхуэмэ, абы хуэдэхэм я бжыгъэм хохъуэ.**

♦**Уи щхьэ ухуэлажьэмэ, уи жып къихъуэнщ, лъэпкъым ухуэлажьэмэ, уи пщIэм хэхъуэнщ.**

♦**ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъ лъэпкъым гъащIэшхуэ хуэщщ.**

♦**Бжыр унэгуащэм IэщIыхьэмэ, фэбжьыр лIым и Iыхьэщ.**

♦**Быным хэлъ мыхъумыщIагъэр анэм и нэм зэрилъагъур гъэмэщIауэщ.**

♦**Быныр нэхъыбэу зыгъасэр уи псалъэракъым, блэжь Iуэхухэращ.**

♦**БыныфIрэ IуэхуфIрэ зэзынэкIам и цIэр кIуэдыркъым.**

♦**ГъащIэм и япэ лъагъуныгъэр гуащIэщ, и яужь лъагъуныгъэр куущ.**

♦**ЗэгурымыIуитI зэмызэгъыу зэдэпсэу нэхърэ, щхьэхуэ защIрэ зэгъэжмэ, я Iуэху нэхъ къикIынщ.**

♦**Зигу къыпщIэгъу цIыхубзым и лъагъуныгъэ умылъыхъуэ.**

♦**Лъагъуныгъэ жыхуаIэм цIыху куэдым я гъащIэр зэIещIэ: зым лъэхъу хуохъури, гъащIэм и гуфIэм щегъащIэ, адрейм дамэу къытокIэри, уафэгум дрехьей.**

♦**Мылъкушхуэм цIыхур егъэдзыхэ, бынышхуэм - егъэгушхуэ.**

♦**Насып къылъысам пщIэ хуэзымыщIым щIэх Iэщlокl.**

♦**Уи быным и гум къыбгъэдэкIыу къыпхуимыщIэр къыпыпхыну яужь уимыт - IэфI хъунукъым.**

♦**Укъэзылъхуар къыпхуэарэзымэ, уи гъащIэр узыхуэарэзыжу епхьэкIынщ.**

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

● Хъуэхъу

**Ди адэ-анэ, адэшхуэ-анэшхуэ Жолдащхэ Наширрэ Замилэрэ зэрызэдэпсэурэ бадзэуэгъуэм и 5-м илъэс 60 ирикъуащ**

ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфIхэ!

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ, зи мафIэр мыужьых унагъуэ лъэщым фрихъумакIуэщи, фызиплъыр жьэгур уардэунэу, хьэщIэ етIысэхыпIэрэ унапIэ махуэу, фи Iэнэгум берычэтыр щытепщэу, фызэкъуэту, гъащIэм гу щыфхуэрэ абы и IэфIыгъэ псори зыхэфщIэу, фи быным, абыхэм къащIэхъуэ фи щIэблэм я насыпым, ехъулIэныгъэхэм фригушхуэу куэдрэ дяпэ Тхьэм фригъэт. Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ фи Iэпэгъуу, илъэс 60 хъуауэ фыкъызэдогъуэгурыкIуэри, фи пщIэр лъагэрэ фи гур къабзэу, псэр зыщIэхъуэпс, насыпу къилъытэ псомкIи Тхьэр къыфхуэупсэу гъащIэ узыншэ адэкIи къыфхуэзэпищэну ди гуапэщ.

***Фи бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхухэр.***

●Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

# Кфар-Камэ хьэщIэхэм япоплъэ

**Израилым щыIэ Кфар-Камэ шапсыгъ къуажэм гъэ къэс къыщызэрагъэпэщ Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр. Дызэрыт илъэсым ар Iэтауэ екIуэкIынущ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 13-м Кфар-Камэ и утыкушхуэм зыкъыщигъэлъэгъуэнущ Адыгэ Республикэм лъэпкъ уэрэдхэмкIэ и «Ислъэмей» къэрал ансамблым. Апхуэдэуи, Израилым щыпсэу адыгэхэм, зи зэфIэкIрэ зэчийкIэ фIыуэ яцIыху «Ди псэ» ансамблри (зыгъасэр Iэпщэ Рустамщ) хьэщIэхэм я пащхьэ къихьэнущ. Израилым ТуризмэмкIэ и министерствэмрэ Кфар-Камэ жылэ администрацэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщ Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым цIыху мини 6-м нэс кърохьэлIэ. Ди лъэпкъэгъухэм я мызакъуэу, абы еплъыну къызэхуос журтхэри, хьэрыпхэри, инджылызхэри, тыркухэри, н.

Махуэшхуэм кърагъэблэгъащ Урысей Федерацэм и лIыкIуэу Израиль къэралыгъуэм щыIэ Викторов Анатолий, УФ-м и консулу Хайфэ къалэм щыIэ Попов Игорь, Тель-Авив дэт Урысей щэнхабзэ центрым и унафэщI Пархомчук Денис сымэ. Iэпщэ Рустам къызэрыджиIамкIэ, 2019 гъэм «Ислъэмейм» и программэр инщ икIи телъыджэщ, абы и уэрэджыIакIуэхэри къэфакIуэхэри зэхэту концерт гукъинэж ятыну я мурадщ.

Израилым ис адыгэхэм куэд щIауэ я ныбжьэгъущ «Ислъэмейр», ахэр зыбжанэрэ щыIащ Кфар-Камэ икIи сыт щыгъуи гуапэу ирагъэблагъэ. Мейкъуапэ щыщ хьэщIэхэм къуажэм дэс унагъуэхэращ мы гъэми бысым яхуэхъунур. Ахэр бадзэуэгъуэм и 10 - 14-хэм къриубыдэу Iуэхугъуэ зыбжанэм хэтынущ: Кфар-Камэ дэт Лъэпкъ музейм яшэнущ, Тель-Авив, Иерусалим и щIыпIэ нэхъ дахэхэм зыщрагъэплъыхьынущ; апхуэдэуи джэгухэр зэхашэнущ, лъэпкъ IэпщIэлъапщIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм, бадзэуэгъуэм и 13-м екIуэкIыну концерт нэхъыщхьэм хэтынущ. А псори зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыныр и пщэ дэлъщ Кфар-Камэ жылэ хасэм (администрацэм) и тхьэмадэ Нэпсо Закарие. Аращ зи фIыщIэр хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр илъэс къэс нэхъ быдэ, купщIафIэ хъуурэ зэрекIуэкIыр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мыпхуэдэ фестивалым блэкIа илъэсхэм щыIащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр (КъБР), цIыхубэ къафэмкIэ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблыр (Адыгей), «Эльбрус» къэфакIуэ гупыр (Тырку), нэгъуэщIхэри.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**




# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Нарт Щэуей и адэр. **4**. ... хиса жыгыр мэгъу. **7**. Къэнжал хьэку цIыкIу. **9**. Пасэрей хъыбарегъащIэ. **10**. ЩIымахуэм щыгъыным хищIэ хьэпIацIэ. **11**. КIыщокъуэ Алим и роман «Нал ... ». **13**. Таурыхъхэм узыщрихьэлIэ шы лъэрызехьэ: щыхуейм мэпсэлъэф икIи мэлъэтэф. **15**. Зи гум илъыр щIэзыхъумэ, зэрыщымыту зызыщI. **16**. Хьэжыгъэм къыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ. **17**. Муслъымэн дин зыIыгъхэм ящыщ Iэджэм къагъэсэбэп хьэпшып, Iуданэм е кIапсэ цIыкIум фIэщIауэ. **18**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфIэфI. **19**. Ди унафэщIым и ... къысщыхуащ. **21**. Выр зэрыщIащIэ пхъэ. **23**. Фызыжьым и къуэм зыхуегъазэ: «ГуфIэгъуэщ е гузэвэгъуэщ жысIэри, ахъшэ ... дэздзыхащ». **24**. Джэрэзыжу, мыл гущIыIум къыщагъафэ. **26**. Гъур, пхъашэ. **27**. БгитI зэхуаку. **29**. ЩIы къиуда. **30**. Муслъымэнхэр хьэжыщI здэкIуэ ... хьэрып къэралыгъуэ. **34**. Адыгэ джэгуакIуэ цIэрыIуэ Агънокъуэ ... **36**. Сэлэт лIыхъужьыр зэуапIэ губгъуэм ... щыхъуащ. **37**. ... хуэмыфI хьэдрыхэ кIуэркъым. **38**. Анэр ..., адэр дэм хуэдэщ. **39**. Пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу, купкъ илъу. **40**. Зил къыпщIэмыузым уи ... хуумыIуатэ. **44**. Фочышэу къагъэсэбэп бдзапцIэ хъурей цIыкIу. **45**. Пщэдейрей ... нэхърэ - нобэрей бзу. **46**. ДыгъуакIуэхэм шы е былым ирахужьамэ, абы кIэлъыщIэпхъуэ гуп.

***Къехыу:*** **2**. Гъатхэм пасэу, уэс телъу, щIым къыхэж удз цIыкIу. **3**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, фо нэхърэ ... нэхъ IэфIщ. **4**. Ажэм хуэдэу зихуапэу, хьэгъуэлIыгъуэр гушыIэкIэ, ауанкIэ зыгъэдахэ. **5**. Iэщ. **6**. Адыгейм щыщ тхакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, мы гъэм «Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэр зыфIаща. **7**. Адыгэ пшынауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **8**. Бгы щIэуда. **11**. НэщI мазэр иухыу пIалъэ гуэр дэкIа нэужь, муслъымэнхэм ягъэлъапIэ махуэшхуэ. **12**. Мэкъу пыупщIа сатыр. **14**. Ди лъэпкъэгъу, Урысей Федерацэм и цIыхубэ художник. **20**. Зи щхьэкIэхэр пыупщIа, зи къудамэхэр теухъуэнщIыкIа жыг лъэдий гъум. **22**. Дзыгъуэлир зи щIасэ, жэщу щакIуэ къуалэбзу. **25**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIу щыта ... Михаил. **26**. Цы щабэ зытет, псы Iуфэхэм щыпсэу псэущхьэ мыин. **28**. ЦIыху ткIий, гущIэгъуншэ. Е цIыхухъуцIэ. **31**. Адыгэ лъэпкъ. **32**. ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэшхуэ. **33**. Iэ тегъэщIапIэ зиIэ шэнт щабэ. **35**. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **41**. Алыхьым и Iэмырхэм ерыщу тет цIыху. **42**. ХадэхэкI. **43**. КIапсэ къызыхах къэкIыгъэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэкъуауэгъуэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Пщыкъуэ. **3**. Абхъаз. **7**. Малъхъэунэгъу. **8**. Пэу. **10**. Жин. **11**. КIэгъу. **14**. ЩIыхуэ. **15**. Шэнт. **17**. Йемен. **18**. Щхьэпс. **22**. ЩIакIуэ. **23**. Шухьэ. **27**. Жьей. **28**. Тощ. **29**. Блэ. **32**. Мастэпэбдз. **33**. Хуэмыху. **34**. КIэрэф.

***Къехыу:*** **1**. Пхъампэ. **2**. Къудан. **4**. Бгъэн. **5**. Зэрыгъум. **6**. Уэлий. **9**. УпщIэ. **11**. КIытэ. **12**. Тхуей. **13**. Пэгун. **16**. Амдэч. **18**. ЩакIуэ. **19**. Саут. **20**. ПщIий. **21**. Гъуэмб. **24**. Бжьыныху. **25**. Борэн. **26**. Нэбгъэф. **30**. Къады. **31**. Ябгэ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Прунж, шэкIэ щIэгъэвауэ

Прунжыр шэм вэгъуей щохъу. Абы къыхэкIыу прунж лъэсар шыгъу зыхэлъ псы къэкъуалъэм халъхьэри, зэIащIэурэ ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ, тхъурымбэри къытрахыурэ. ИтIанэ шэ пщтыр щIакIэ, фошыгъу хадзэри, зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Къытрахыжри, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 10 - 15 хуэдизкIэ щагъэт.

Iэнэм щытрагъэувэкIэ, тепщэч куум иралъхьэри, шатэ е тхъу тракIэ. ЩIакхъуэ, лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):*** прунжу - г 500, псыуэ - г 250-рэ, шэуэ - г 1000, шыгъуу - г 2, фошыгъуу - г 160-рэ, шатэу е тхъууэ - г 50.

## Дзасэкlэ гъэжьа нартыху

Нартыху цIынэр ятхъ, щхьэцыр трах, и лъэдакъэмкIэ дзасэм фIалъхьэри, ягъэкIэрахъуэурэ дэпкIэ ягъажьэ. Нэхъ псынщIэу ягъэжьэн мурадкIэ дэпым тралъхьэмэ, илынцIынущ. МафIэр дзасэм пэжыжьащэми, нартыхур мыжьэурэ гъунущ. Ар, и инагъымрэ и цIынагъымрэ елъытауэ, дакъикъи 8 - 10-кIэ мажьэ.

Хьэзыр хъуа нартыхур тхъуэплъ дахэщ, язынықъуэ хьэдзэхэр къопIэнкI. Дзасэм къыфIахыжа нэужь пщтыру яшх. Абы кIэтIийхэр фIыуэ егъэкъабзэ. Нартыхур фIамыщI мафIэкIи газкIи ягъажьэркъым.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымр уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымр уэрам, 33 12+

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь* **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 1.966 ● Заказ №599